# Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№112 (24.238) • 2021 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 18, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм я хэхыныгъэм ипэ къихуэу КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек цIыхухэм зэрызахуигъэзар

2021 фокIадэм и 18

Къэрал Думэм и ДЕПУТАТХЭР ХАХ

2021 фокIадэм и 19

2021 фокIадэм и 17

ЗЭГЪУСЭУ ХЫДОХ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ и лIыкIуэ органхэм я депутатхэм папщIэ Iэ яIэтын щIадзащ. УФ-м и Конституцэм халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм япкъ иткIэ къэралым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр къэщтэнымкIэ Къэрал Думэм иIэ мыхьэнэм хэхъуащ. Апхуэдэу щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ IэнатIэми зиужьащ. Хэхыныгъэм ипкъ иткIэ фэ дзыхь зыхуэфщIыну цIыхухэм яхь жэуаплыныгъэми хохъуэ.

ФокIадэм и 17-м, 18-м, 19-м хиубыдэ сыт хуэдэ махуэми фэ хэхыпIэ участкэм фекIуалIэу нэхъ фигу ирихь кандидатым папщIэ Iэ фIэт хъунущ.

Мы Iуэхур фэ фи фIэфIыныгъэм тещIыхьащ икIи ар адэкIи къэралым, республикэм, фэ фыщыпсэу муниципалитетым зегъэужьыным ехьэлIауэ зэфIэвгъэкI лэжьыгъэу аращ.

Си лъахэгъу лъапIэхэ, Iэ Iэтыным фыхэтыну сыныволъэIу!

Фэ фщыщ дэтхэнэми и фIэфIыныгъэр дэ псоми ди къэкIуэнум хуэунэтIащ.



## Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм и щIыхькIэ КъБР-м и Iэтащхьэм и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

ФокIадэм и 20-м ди республикэм егъэлъапIэ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр.

Мы махуэшхуэр адыгэ лъэпкъым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм, зыужьыныгъэм зыхуишам, зэкъуэтыныгъэм я дамыгъэщ, хэкупсагъэм, хахуагъэм, ди япэ итахэм я лIыхъужьыгъэм я нэщэнэщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэмрэ я зэхуаку дэлъ пщIэмрэ епха хабзэ дахэхэм я щыхьэтщ.

Нобэрей махуэм адыгэ псоми Iэмал къарет лъэпкъ щэнхабзэм и лъабжьэ я къежьапIэм иджыри зэ хуеплъэкIыжыну, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я псэкупсэ зэпыщIэныгъэмрэ лъэпкъ зэныбжьэгъугъэмрэ нэхъри ирагъэфIэкIуэну, зэкъуэшыныгъэм, зэкъуэтыныгъэм, зэныбжьэгъугъэм хэлъ фIыгъуэхэм иригушхуэну. Адыгэр дэнэ щыпсэуми, лъэпкъым и анэдэлъхубзэр, щэнхабзэр, псэкупсэ къулеягъыр, хабзэр щихъумэну Iэмал къыщрат Урысей къэралыгъуэм къыхуэарэзыщ.

Си фIэщ мэхъу, Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр гъэлъэпIэныр а хъугъуэфIыгъуэхэр дяпэкIи хъумэным сэбэп зэрыхуэхъунур, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэр нэхъри зэрыщIигъэбыдэнур.

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу а гуфIэгъуэ махуэшхуэмкIэ икIи узыншагъэ, мамырыгъэ, гуапагъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэ фиIэну си гуапэщ.










Лъэпкъ газетхэм я къыдэкIыгъуэ зэхэт

## ФокIадэм и 20-р Адыгэхэм я махуэщ



**Мы гъэм еянэу, ди щIыналъэм Iэтауэ щыдогъэлъапIэ Адыгэхэм я махуэр. АбыкIэ унафэ къащтауэ щытащ 2014 гъэм и фокIадэм и 20-м.**

ЗИ ХАБЗЭРЭ къызэгъэпэщыкIэ мардэрэ зыгъуэта махуэшхуэр Iэтауэ щагъэлъапIэ ди республикэми адыгэхэр щыпсэу щIыпIэ псоми. Лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуэр нобэ екIуу щаIэт курыт школхэми сабий гъэсапIэхэми. Адыгэхэм я махуэм теухуа дерс зэIухахэр, пшыхь гуапэхэр зэхашэ.

Адыгэхэм диIэщ дызэрыпэгэн, дызэрыгушхуэн куэд. Ди лъэпкъ уардэм игъащIэ лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэ дахэхэр, ди анэдэлъхубзэр дэри яхуэтхъумэн хуейщ къэкIуэну щIэблэхэм. Зи блэкIам пщIэ хуэзыщIу къэкIуэнум фIыкIэ щыгугъ лъэпкъхэращ зызыужьыфхэр, ехъулIэныгъэ зыIэрызыгъэхьэфхэр. Лъэпкъыбэу зэхэт ди къэралыгъуэ иным, Урысей Федерацэм, пщIэрэ щхьэрэ зиIэ субъекту дыхэтщи, дяпэкIи зыузэщIыныгъэрэ зэпэщыныгъэрэ диIэу Тхьэм дигъэпсэу адыгэхэр!

*Дыгъэм уэгур игъэдахэм,*
*Дыадыгэщ, уей!*
*Ди щIыналъэр жэнэт лъахэм,*
*Дыадыгэщ, уей!*
*Дохъумэжыр ди лъэпкъ хабзэр,*
*Ди пшынэбзэр мэбзэрабзэ,*
*ПщIэ худощIыр вагъуэ-шабзэм,*
*Дыадыгэщ, уей!*

Мы уэрэдым хэт псалъэхэр дэтхэнэ адыгэми ди гум нобэ къиIукIын хуейщ.



# Жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм щIэту

**Хэхыныгъэхэм щыкIэлъыплъ штабыр къыщызэрагъэпэща КъБР-м и Жылагъуэ палатэм дыгъуасэ щыIащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Аращ щылажьэр Жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ центрыри.**

МАХУИЩМИ, фокIадэм и 17, 18, 19-хэм, хэхыпIэхэм Iуэхур зэрыщекIуэкIыр абы экраным къыщридзэнущ икIи жылагъуэ штабым хэтхэм видеокIэ ялъагъунущ дэнэ сыт щекIуэкIми. Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIыпIэ, щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я лэжьыгъэр къапщытэнущ икIи хэхакIуэхэми, кIэлъыплъакIуэхэми, хъыбарегъащIэ IэнтIэхэм я лэжьакIуэхэми гугъуехьыншэу зыпащIэнущ, дэлэжьэнущ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI Берд Хьэзрэталий хьэщIэхэм яжриIащ лэжьыгъэр зэрекIуэкIыр. Дыгъуасэ щыщIэдзауэ кIэлъыплъакIуэхэм захъуэжурэ я къалэныр ягъэзэщIэнущ. Жылагъуэ штабымрэ Жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ центрымрэ жэщ-махуэм зэпымыууэ лэжьэнущ.

Центрым мы махуэхэм щыплъагъунущ щIыналъэ Жылагъуэ палатэм хэтхэр, ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м щыIэр, жылагъуэ кIэлъыплъакIуэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, хэхакIуэхэм ящыщу кIэлъыплъыныгъэм хэтыну зезыгъэтхахэр, политикэ партхэм я лIыкIуэхэр. Псори зэхэту къапщтэмэ, щIыпIэхэм щекIуэкI Iуэхур я нэIэ щIэтщ кIэлъыплъакIуэ 710-м.

КIуэкIуэ Казбек кIэлъыплъакIуэхэми операторхэми епсэлъащ, лэжьыгъэ тынш, купщIафIэ къадэхъуну ехъуэхъуащ.

- Хэхыныгъэхэр иджы япэу екIуэкIыу аращ мыпхуэдиз кIэлъыплъакIуэ хэту. Экраным сыт хуэдэ хэхыпIэри онлайну къредзэ, камерэхэм псори ятх, партхэм я лIыкIуэхэр псоми кIэлъыплъыну Iэмал яIэщ. Ар сэбэп хъунущ хэхыныгъэхэр тэмэму екIуэкIауэ къэлъытэнымкIэ, апхуэдэуи упщIэ куэдым я жэуап щыбгъуэтыжынущ, никъусаныгъэ къыхэкI хъуми, къытебгъэзэжу уеплъыжыфынущ», - яжриIащ КIуэкIуэм журналистхэм. - Мыбы политикэ партхэм я мызакъуэу, властым дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ. Дэ тщIэн хуейщ ди цIыхухэр мы Iуэхум зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэр, къыхах политикэ партыр зыхуэдэр. Сыт хуэдэ Iуэху жылагъуэр зыхуэныкъуэу къагъэлъагъуэр? Мис а псори нэрылъагъу къищIынущ жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэм.

КъБР-м и Iэтащхьэм дыщIигъуащ хэхыпIэу 355-м хъарзынэу лэжьэн зэрырагъэжьар, хабзэр къызэпызыуда къазэрыхэмыкIар.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# ЗыгъэпсэхупIэр ирагъэфIакIуэ

**КъБР-м и Iэтащхьэм дыгъуасэ къызэIуихащ «Долина Нарзанов» санаторэм и корпусыщIэр.**

УЗЫНШАГЪЭР щрагъэфIакIуэ санаторэр Налшык и зыгъэпсэхупIэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ - ар 1970 гъэхэм яухуауэ щытащ. Абы и етIуанэ корпусыр зэгъэпэщыжын зэрыхуейм теухуауэ «РЖД-Здоровье» акционер зэгухьэныгъэм къыхилъхьа инвестицэ Iуэхум 2019 гъэм и жэпуэгъуэм елэжьын щIадзащ икIи мы зэманым ирихьэлIэу зыхуей хуагъэзэжауэ зыгъэпсэхуакIуэхэр щIэсщ. Ар къыщызэIуахым, «Долина Нарзанов» санаторэм и унафэщI **Чапаев Ибрэхьим** и псалъэм къыхигъэщащ зыгъэпсэхупIэр зэгъэпэщыжыным къаруушхуэ зэрырахьэлIар.

- Псом япэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт республикэм и унафэщIхэм, «РЖД-Здоровье» IуэхущIапIэм, мы Iуэхур зи пщэ дэзылъхьэжахэм, ухуакIуэхэм. Дыщогугъ дяпэкIэ ди лэжьыгъэр нэхъыфIыж хъуну, Налшык курортыр цIэрыIуэу щыщыта зэманым дыкъихутэжыну. А Iуэхум «Долина Нарзанов» санаторэм и лэжьакIуэ псоми ди гуащIэ етхьэлIэну фыкъыдогъэгугъэ, - жиIащ Чапаевым.

Санаторэм и лэжьакIуэхэми зыгъэпсэхуакIуэхэми ехъуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыгъэпсэхупIэхэм я зыужьыныгъэм къыхуэщхьэпэ сыт хуэдэ инвестицэ Iуэхуми республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ, - къыхигъэщащ **КIуэкIуэ Казбек**. - Пэжыр жысIэнщи, икъукIэ дахуэарэзыщ «РЖД-Здоровье» IуэхущIапIэмрэ мы лэжьыгъэр зи пщэ изылъхьэжа инвесторхэмрэ. Псом хуэмыдэу проектыр «Азимут» хьэщIэщым и унафэщIхэм я советым и тхьэмадэ Клячин Александр и нэIэм щIэту яухуащи, абы щхьэхуэу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ. Шэч къытетхьэркъым мы Iуэхум ехъулIэныгъэ къызэрыдэкIуэнум, зыгъэпсэхупIэм и лэжьыгъэр нэхъыфIыж зэрищIынум. Къыхэзгъэщынут нэгъуэщI IуэхухэмкIи адэкIэ дызэдэлэжьэну дызэригуапэр. Санаторэм и лэжьакIуэхэм сохъуэхъу. Дэтхэнэри пхыкIащ республикэм зыщызыгъэпсэхухэр мащIэу щыщыта лъэхъэнэм, ауэ цIыхухэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр зэи ирагъэкIэкIуакъым. Шэч хэмылъу, корпусыщIэр иджырей мардэхэм тету лэжьэнущ, ар сэбэп хуэхъунущ зыгъэпсэхуакIуэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэным.

Ухуэныгъэр езыгъэкIуэкIахэм, «РЖД-Здоровье» IуэхущIапIэм фIыщIэ псалъэхэр яхужиIащ **Клячин Александри**. Абы къыхигъэщащ проектым фIыуэ зэрегупсысар икIи ар къазэрехъулIар зэрынэрылъагъур. «Гу лыдмытэу къанэркъым республикэ унафэщIхэр, Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэр къызэрыддэIэпыкъум. Ар узэрыгушхуэнщ. Ди гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр урысейпсо мыхьэнэ зиIэ зыгъэпсэхупIэ щIыналъэ хъужауэ тлъагъуну», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

Республикэ унафэщIхэмрэ хьэщIэхэмрэ санаторэм зыщаплъыхьащ, зыгъэпсэхуакIуэхэм я пэшхэр къызэрызэгъэпэща щIыкIэм зыщагъэгъуэзащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

## КIуэкIуэ Казбек зи чэзу Iуэхухэм ятеухуа упщIэхэм жэуапхэр щритащ республикэм и телеканалым

**КIуэкIуэ Казбек зи чэзу Iуэхухэм щытепсэлъыхьащ «КъБР 1» телеканалым. Редактор нэхъыщхьэ Конаревэ Наталье республикэм и Iэтащхьэм Iуэхугъуэ тIощIым нэблагъэкIэ еупщIащ. Псалъэмакъым къыхэщащ экономикэм зэрызиужьыр, абы и лъэныкъуэкIэ пандемием къихьа зэраныгъэхэр, уз зэрыцIалэм пэщIэтынымкIэ иджыпсту ди щIыналъэм щызэфIагъэкIхэр, бизнесым и Iуэху зыIутыр, инвестицэ проектхэр гъэзэщIэным хиубыдэу инфраструктурэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр.**

КIУЭКIУЭ Казбек гурыIуэгъуэу тепсэлъыхьащ гъуэгухэр ухуэнымрэ туризмэм и IэнатIэм зегъэужьынымрэ гулъытэ хэха щIыхуищIым и щхьэусыгъуэхэм, апхуэдэу республикэм и жылагъуэхэм я теплъэм зэрызихъуэжын хуейуэ къилъытэхэм. Абы зэпкърихащ инфраструктурэ ухуэныгъэр социальнэ проектхэм щыхабжэр, ди промышленностым зегъэужьынымкIэ иджыпсту щыIэ хэкIыпIэхэр. Мэкъумэш хозяйствэм, социальнэ IэнатIэм, щэнхабзэм, спортым, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм я IэнатIэхэм иджыпсту щекIуэкI лэжьыгъэхэми интервьюм увыпIэшхуэ щаубыдащ.

Республикэм и Iэтащхьэм апхуэдэу жэуапхэр иритащ федеральнэ IэнатIэм езым и лэжьыгъэр къызэрыщызэригъэпэщым, Къэбэрдей-Балкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзырым ятеухуа упщIэхэми.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и депутат **Къардэн Мурадин СэфрэIил и къуэм** хуогузавэ и къуэш **Къардэн Альберт СэфрэIил и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Урысейм Iэ Iэтыным щыщIадзащ

**Псом япэу хэхыпIэ участкэхэм лэжьэн щыщIадзащ КъуэкIыпIэ Жыжьэм. Камчаткэм щыIэ хэхыпIэ участкэу 179-м егъэщIылIауэ кIэлъыплъакIуэ зы миным нэблагъэ мэлажьэ. Псори зэхэту крайм хэхакIуэ мин 232-м щIигъу щатхащ. Абыхэм ящыщу мы гъэм япэу Iэ зыIэтхэр цIыху мини 3-м щIигъунущ. Кхъухь зэмылIэужьыгъуэхэм къыщызэрагъэпэща хэхыпIэ участкэхэр 116-рэ мэхъури, абыхэм нэхъ пасэу Iэ щаIэтащ хэхакIуэ мини 6 хуэдизым.**



ПСОРИ зэхэту къэралым и щIыналъэхэм иджыпсту хэхыпIэ участкэу мин 96-рэ щыIэщ. Ахэр пщэдджыжьым сыхьэти 8-м щегъэжьауэ пщыхьэщхьэм сыхьэт 20-м нэсыху лэжьэнущ. Мы махуэхэм езыхэр зыхуей кандидатхэм папщIэ Iэ яIэтыну Iэмал яIэщ Урысей Федерацэм щыщ хэхакIуэу мелуани 108-м, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуу мелуани 2-м.

Псори зэрыщыгъуазэщи, мы гъэм хэхыныгъэхэр махуищкIэ ирагъэкIуэкIынущ икIи абы и фIыгъэкIэ коронавирус уз зэрыцIалэм и шынагъуэр нэхъ мащIэу щытынущ. ЦIыхухэр участкэхэм зэрыщызэтримыхьэнум къыдэкIуэу, абыхэм къекIуалIэхэм я температурэр къапщ, дэтхэнэми Iэлъэ, нэкIуIупхъуэ, зэрытхэн Iэмэпсымэ ират. Участкэхэм зэрыщIыхьэ, къызэрыщIэкIыж бжэхэри зэпыгъэщхьэхукIауэ щытщ.

Хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIыр зэпымыууэ къапщытэнущ кIэлъыплъакIуэу мин 500-м. А бжыгъэр 2016 гъэм екIуэкIа IэIэтым хэлэжьыхьахэм нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэщ. КIэлъыплъакIуэхэм яхэтщ зи кандидатхэр езыгъэтха политикэ парт 14-м я лIыкIуэхэр, блогерхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэ щхьэхуэхэм я пашэхэр. КIэлъыплъакIуэхэм хуитыныгъэ яIэщ хабзэм къемызэгъыу къалъытэ Iуэхухэм телефонкIэ сурэтхэр трахыну, видео, сурэт материалхэр социальнэ сетхэм иралъхьэну.

Хэхыныгъэхэр хабзэм тету икIи зэIухауэ екIуэкIынымкIэ сэбэп хъунущ участкэхэм жэщми махуэми видеокамерэу мини 100 зэрыщылэжьэнур. Апхуэдэу хэхыныгъэхэр зэрекIуэкIым видеосвязым и иджырей IэмэпсымэхэмкIэ кIэлъыплъыфынущ дэтхэнэ щIыналъэми щыIэ жылагъуэ штабхэр.

Электрон IэмэпсымэхэмкIэ къагъэсэбэпу Iэ яIэтыну Iэмал яIэщ УФ-м и щIыналъэу 7-м щыпсэухэм. Абы теухуа заявкэхэр 2021 гъэм фокIадэм и 13-м нэсыху къыIахащ. Электрон Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпу Iэ яIэтыну хуитыныгъэ зиIэхэм я спискэхэм иратхахэм хэхыпIэ участкэхэм Iэ щаIэт хъужынукъым.

**ХЬЭЖБИЙ Мухьэмэд.**

## СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий:

# Лъэпкъыр зэкъуэгъэувэжынымрэ анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ догъэнэхъапэ

***Адыгэхэм ди жылагъуэ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэр - Дунейпсо Адыгэ Хасэр - къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 30 ирикъуащ. А зэманым къриубыдэу абы къикIуа гъуэгуанэм, игъуэта зыужьыныгъэмрэ лъэхъэнэм къыдэкIуа гъэунэхуныгъэхэмрэ ятеухуа упщIэ зыбжанэкIэ иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ ДАХ-м и Тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.***

**- Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XIII Зэхуэсышхуэр къоблагъэ, Хьэутий. Ар ирихьэлIащ махуэшхуитIым - ДАХ-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 30 щрикъумрэ Адыгэхэм я махуэмрэ.**

- Пэж дыдэу, лъэпкъыми Дунейпсо Адыгэ Хасэми я дежкIэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ махуэхэм хуэзащ иджырей зэхуэсышхуэр. Илъэс 30-кIэ узэIэбэкIыжмэ, 1991 гъэм накъыгъэм и 19-м, Налшык къыщызэхуэсат дунейм адыгэу тетым я лIыкIуэхэр. Абы ипэ ит илъэсым Голландием щекIуэкIат зэхуэс, хамэ къэрал зыбжанэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я лIыкIуэхэр хэту, икIи, игъащIэм щымыIауэ, Щыгъуэ-щIэж махуэм ирихьэлIэу Дунейпсо Адыгэ Конгресс Налшык щызэхашэну унафэ къыщащтэгъат. А зэхуэсышхуэм и Тхьэмадэу хахат Голландием щыпсэу, мы Iуэхур къезыхьэжьа Хьэткъуэ Фэтхьи. Арыхххэуи, 1991 гъэм накъыгъэ мазэм и 19-20 махуэхэр адыгэм и тхыдэм нэщыпхъуэр тезыха, лъэхъэнэщIэм и Iуэхухэр убла щыхъуа махуэу лъэпкъ махуэгъэпсым хэуващ. Илъэси 127-рэ дэкIын хуеящ лъэпкъыр зэхыхьэфын щхьэкIэ.

Дунейпсо Адыгэ Конгрессыр зэрылэжьа махуитIым дунейм адыгэу тетыр зэкъуэзыгъэувэ ДАХ-р къигъэщIащ. Адыгэм и бзэр, щэнхабзэр, тхыдэр хъумэным икIи зегъэужьыным хуэгъэпса зэгухьэныгъэт ар. Лъэпкъым дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэшхуэт.

ДАХ-м и тхьэмадэу хахащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутат, абы и Комитетым и унафэщI, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Къалмыкъ Юрэ. Абы и къуэдзэхэт Голландием щыщ Хьэткъуэ Фэтхьи, Къэбэрдейм щыщ МыкIытIей Абдулыхь, Иорданием щыщ Къардэн Самир, Тыркум щыщ МэшхуэфI Нэждэт сымэ. Дунейм адыгэу тетыр зэзыгъэуIу, и лъэпкъыбзэмрэ щэнхабзэмрэ хъумэным хуэгъэза, зэкъуэтыныгъэмрэ зыщIыныгъэмрэ телажьэ япэ адыгэ хасэшхуэу къежьа ДАХ-м а къалэныр ноби егъэзащIэ, дяпэкIи а IэнатIэм пэрытынущ.

Адыгэхэм я махуэр лъэпкъ махуэгъэпсым зэрыхэувэрэ куэд щIакъым. КъБР-м и Iэтащхьэм и Iэ щIэлъу 2014 гъэм шыщхьэуIум и 12-м къыдэкIа унафэм фокIадэм и 20-р Адыгэхэм я махуэр ди щIыналъэм щигъэнэхуащ. Ди блэкIар зыщыдмыгъэгъупщэныр, Хэкум и щхьэхуитыныгъэр яхъумэу илъэсищэкIэ екIуэкIа зауэжьым хэкIуэдахэм я фэеплъыр дымыгъэкIуэдыныр ди хьэкъщ, абы псалъэ хэлъкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, блэкIам дерс къыхэтхыу къэкIуэным дытелэжьэн хуейщ. КъытщIэхъуэ щIалэгъуалэр хэкупсэ-лъэпкъыгуу къэгъэтэджыныр, гупсысэ куу яIэу гъэсэныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ. Дунейм тет адыгэ щIалэгъуалэр зэтшэлIэн, зэлъэдгъэIэсын, зы лъэпкъ къызэрыхэкIар я щхьэм иту гъунэгъу зэхуэтщIын хуейщ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и жэрдэмкIэ къащта Адыгэхэм я махуэр цIыхубэ махуэшхуи хъуащи, жыпIэну гухэхъуэщ.

ДАХ-м и XIII Зэхуэсышхуэр ар къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс щэщI щрикъум хуэзэу йокIуэкI. А зэманым къитIэсащ ДАХ-м и зэфIэувэнымрэ зыужьыныгъэмрэ. Ди Хасэр нобэ дуней псом къыщащIэ, пщIэ зыхуащI адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэу къалъытэ. ДАХ-р къэрал зэмылIэужьыгъуэхэр зэгурызыгъаIуэ, зэзышалIэ, зэлъэзыгъэIэс лъэмыжщ, дунейпсо цIэрэ щхьэрэ зиIэ хасапIэщ. ДАХ-р урысейпсо икIи щIыналъэ къулыкъущIапIэхэм, Урысеймрэ хамэ къэралхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ я IуэхущIапIэхэм япыщIащ, щIэгъэкъуэни къыхуохъу.



**- Хьэутий, уи унафэм щIэт ДАХ-м зыхуигъэувэжа къалэнхэр дауэрэ зэфIихыфа дунейр зэщIэзыщта коронавирус уз зэрыцIалэм и гуащIэгъуэ зэман гугъум?**

- Зэрыдунейуэ зэкIэлъымыкIуэж зыщIа а узыфэр ужьыхакъым, цIыхухэр нобэр къыздэсым хуиту зэхыхьэ хъурткъыми, щытыкIэр иджыри къызэрымыкIуэу гугъущ. ДАХ-м дежкIи тыншакъым иужьрей илъэситIыр. ЕдгъэкIуэкIын хуея лэжьыгъэм пандемием зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьащ. Языныкъуэ Iуэхугъуэхэр пэIудзауэ зэфIэтхащ. Ауэ, дауэ хъуми, къалэн зыщытщIыжахэр зэрыдгъэзэщIыным дыпылъащ. ДАХ-м и зэIущIэхэр Уставым къигъэув пIалъэхэм темыкIыу екIуэкIащ. Хасэм и Унэм къыщызэдгъэпэщ зэхуэсхэр хэгъэкIауэ, ди лъэпкъэгъухэр нэхъыбэу щыпсэу щIыпIэхэм дыкIуэурэ ди зэIущIэхэр щедгъэкIуэкIыу зы хабзэ къыхэтлъхьати, ари Iэщыб тщIакъым. 2019 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм зи чэзу зэIущIэр Черкесск щызэхэтшащ, 2021 гъэм ар Мейкъуапэ щедгъэкIуэкIыну къыдэхъулIащ.

ЗэкIэлъыкIуэныр, хасэ зэIущIэхэр ди лъэпкъыр зэрыIыгъыу щыпсэу щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щегъэкIуэкIыныр дызыхуэныкъуэ Iуэхущ, дызыхуейщ, игъуэуи къэлъытапхъэщ. ДАХ-м и лэжьыгъэр щекIуэкI щIыналъэхэм къыщызэщIиIэтэр лъэпкъ интеллигенцэм и закъуэкъым, атIэ абы къызэщIегъэушэ щIыпIэ унафэщIхэр, ди лъэпкъэгъухэр зыгъэгумэщI-зыгъэпIейтей Iуэхухэм къахурегъэплъэкI. Абы уфIэкIыжым, ДАХ-м и лэжьыгъэр купщIафIэ икIи мыхьэнэ зиIэ ещI абы жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр кърихьэлIэну Iэмал щыIэ зэрыхъум.

Апхуэдэу, адыгэ цIыху цIэрыIуэхэр къыщалъхуа махуэхэм, тхыдэ мыхьэнэ зиIэ махуэшхуэхэм, ди щIыналъэм щагъэлъапIэ махуэхэм ирихьэлIэу зэхашэ щIэныгъэ зэхуэсхэр, «стIол хъурейхэр» идогъэкIуэкI. ДАХ-м и жэрдэмкIэ 2020 гъэм щIышылэм и 30-м ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щекIуэкIащ УФ-м щIыхь зиIэ и юрист, ДАХ-м и япэ президенту щыта Къалмыкъ Юрэ теухуа фэеплъ пщыхьэщхьэ.

ДАХ-р жыджэру хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми щрагъэкIуэкI грант зэхьэзэхуэхэми. Къапщтэмэ, Горчаков Александр и цIэр зезыхьэ фондым и гъусэу ДАХ-м 2019 гъэм и шыщхьэуIу мазэм иригъэкIуэкIащ Адыгэ щIалэгъуалэм я дунейпсо форум. ДэркIэ щIыхьышхуэт абы дуней псом щыцIэрыIуэ дирижёр, жылагъуэ лэжьакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артист Темыркъан Юрэ къызэрырихьэлIар.

Куэд мэхъу зэфIэдгъэкIахэр. Апхуэдэхэщ «ЦIыхубэ дипломатиер лъэпкъ зэхущытыкIэфIхэм я шэсыпIэщ», «Анэдэлъхубзэр лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэщ» проектхэр, «Зэныбжьэгъугъэм и хасэ» егъэджэныгъэ-щэнхабзэ форумыр, «Схуадами фащэр си пкъым хуэфIу, зэры-Кавказу ар хуэхъуащ...» гъэлъэгъуэныгъэр, нэгъуэщIхэри.

ДАХ-р шэщIауэ ядолажьэ къэрал, жылагъуэ IуэхущIапIэ куэдым. Лъэпкъ Iуэхум зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми къепха зы Iуэхугъуи гулъытэншэ зэрымыхъуным дыхущIокъу, ар къыщыхъур ди къэралырауи хамэ щIыпIэуи ирехъу.

**- Адыгэбзэр, дэтхэнэ лъэпкъ мащIэм и бзэм хуэдэу, щытыкIэ гугъу зэритыр щэхукъым. Псом хуэмыдэу анэдэлъхубзэхэр курыт еджапIэхэм зэрыщрагъэдж щIыкIэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэта нэужь, псалъэмакъ куэд екIуэкIащ бзэхэр зэрагъэкIуэдын Iэмал къэралым къелъыхъуэ жаIэу. Анэдэлъхубзэм къыщыжыныр зи къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ ДАХ-м сытхэр ищIэфрэ а Iуэхум ехьэлIауэ?**

- Адыгэбзэм и Iуэху зыIутым уимыгъэпIейтеинкIэ Iэмал иIэкъым. Иджы хуэдэу зэи Iупщ Iу ди пащхьэ къиувакъым бзэр хъумэным ехьэлIа гумэщIыгъуэхэр. ДАХ-м фIы дыдэу къыгуроIуэ адыгэбзэр лъэпкъым и пкъощIэсэу зэрыщытыр, Iэмалу щыIэр ар хъумэным, къыщыжыным, ехьэлIэн зэрыхуейр. Абы епха лэжьыгъэхэм ящыщщ 2019 гъэм щэкIуэгъуэм и 19-м УФ-м и Президентым деж Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ щыIэ и Советым и зэIущIэр Налшык щыщекIуэкIым абы и утыку исхьа Iуэхугъуэхэр. УФ-м и Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэнымкIэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр къызэзыгъэпэщ гупым сыщрагъэблагъэми, абы и 68-нэ статьям Урысейм щыпсэу лъэпкъхэр я бзэхэм ирипсэлъэну, ахэр зэрагъэщIэну икIи яхъумэну хуитыныгъэ яIэу зэрыщыжиIэр щIэдгъэбыдащ. Конституцэм зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэта нэужь, анэдэлъхубзэхэм я хъумэным ехьэлIауэ IэмалыщIэхэр щыIэ хъуащ, абыхэм зауужьынымкIэ икIи хъумэнымкIэ иIэ хуитыныгъэхэм иджы езы къэралыр и шэсыпIэу къыщыувым.

Псом нэхърэ нэхъыщхьэр - анэдэлъхубзэр унагъуэм илъынырщ, сабийхэм ар яIурылъхьэнырщ. АдэкIэ ахэр тхыбзэмрэ псэлъэкIэ зэгъэпэщамрэ хуегъэсэныр езы къэралым хьэкъ зыщещIыж.

Нобэ адыгэбзэр Урысейм хыхьэ щIыналъищым - КъБР-м, КъШР-м, АР-м - къэралыбзэу щыгъэуващ. Бзэр фIэкIыпIэ имыIэу хъумэн хуейуэ къэралым къыщилъытэм дежщ укъыщыжын щыпхузэфIэкIынури, щебгъэфIэкIуэфынури. ДАХ-м къару хилъхьащ тхыбзэ лIэужьыгъуитIри зэрырагъэдж тхылъхэр федеральнэ тхылъ зэужьым (федеральный перечень учебников) хэгъэхьэным. Ди бзэр хъума хъуным и зы шэсыпIэ лъэщщ ари.

Апхуэдэу, адыгэбзэм и пщIэр къэIэтыным хуэунэтIауэ ДАХ-м илъэс къэс зэрыадыгэ дунейуэ Адыгэ тхыбзэм и махуэр гъатхэпэм и 14-м егъэлъапIэ. ЦIыху куэдым гурыхь ящыхъуащ илъэситI лъандэрэ едгъэкIуэкI «Адыгэ диктантыр». Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу къызэгъэпэща хъуа мы Iуэхугъуэр ДАХ-м къыдаIыгъащ КъБР-м, КъШР-м, АР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм, щIыпIэ университетхэм, езы ДАХ-м къыхыхьэ хасэхэм, хамэ къэрал щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм.

Адыгэбзэр - лъэпкъым и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэщ. Бзэм щхьэщыт шынагъуэр ДАХ-м и къарукIи, къэрал IэмалхэмкIи пхуэгъэкIуэдынукъым, абы езы лъэпкъыр пэщIэмыувэмэ, ар фIыуэ пщIэныр сыт хуэдэ ехъулIэныгъэми я щхьэу зэрыщытыр къыбгурымыIуэмэ.

**- Хьэутий, хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм ядэлэжьэн, адэжь лъахэм къешэлIэжын и лъэныкъуэкIэ сытхэр къехъулIа ДАХ-м иужьрей зэманым?**

– А лэжьыгъэр сыт щыгъуи йокIуэкI, зэпыу имыIэу. УнэтIыныгъитIкIэ къызэгъэпэщащ ар: зыр - ди зэхуаку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр щIэгъэхуэбжьэным теухуащ; етIуанэр - Хэкум къэIэпхъуэжахэр лъахэм щекIуэкI гъащIэм хэгъэзэгъэжыным, бзэр егъэщIэным хуэгъэпсащ.

Хамэ къэрал къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм я бжыгъэр нобэкIэ цIыху 5000-м ноблагъэ. Сирием къыщалъхуахэм ящыщу Хэкум къихьэжащ цIыху мини 3-м щIигъу. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм унэ лъапси 120-рэ щыхузэрагъэпэщащ.

Къэзыгъэзэжахэр хэку гъащIэм нэхъ щIэх хэсыхьыжыным хуэунэтIауэ КъБР-ми АР-ми зэIущIэхэр, «стIол хъурейхэр» щызэхашэ. Абыхэм кърохьэлIэ цIыхур лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным, щIэныгъэ егъэгъуэтыным, Iэпхъуэшэпхъуэным пыщIа къулыкъущIапIэхэм, жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Къэралым щызекIуэ мардэхэм къызэритIэс хуэдизкIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэри зымыгъуэт яхэткъым адэжь хэкум къэзыгъэзэжахэм.

ДАХ-р жыджэру хэтщ Хэкум къихьэжахэм я тхылъымпIэхэр зыхуей хуэгъэзэным, къэралым щыIэну хуит зыщI тхылъхэр зэхуэхьэсыным, я бынхэр еджапIэхэм, гъэсапIэхэм гугъуехь къыхэмыкIыу къащтэным епха лэжьыгъэхэр зэфIагъэкI ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм. Апхуэдэу Сирием къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм папщIэ адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ щрагъэджыну курсхэр щIэх-щIэхыурэ къызыдогъэпэщ.

**- Хьэутий, ДАХ-м иужьрей илъэсищым иригъэкIуэкIыну къалэн зыщищIыжа лэжьыгъэм щыщу къывэмыхъулIэу е зэфIэмыхьэу зыгуэр къэна?**

- Дауи, къалэн зыщытщIыжахэр, тщIэну дызыхуеяхэр псори тхуэгъэзэщIауэ жытIэфынукъым. Абыхэм ящыщу дигу къоуэ хамэ къэрал къитшу ди адыгэ сабийхэм зедгъэгъэпсэхуну, Хэкур едгъэлъагъуну Iэмал дызэримыIар. КъинэмыщIауэ, хэку гъэзэжыным епха Iуэхугъуэхэр иджыри къыздэсым нэсу зэIубз хъуакъым, абы пыщIа гугъуехьхэр мащIэ хъуауэ пхужыIэнукъым. Ди лъэпкъэгъухэр Хэкум къихьэныр псынщIэ ящыщIынымрэ къихьа нэужь щыпсэуну, щыIэну хуит зыщI, къэралым и цIыхуу къызэрилъытэ тхылъхэр къыдэхынымрэ сыт щыгъуи пIалъэ къыхокI.

Нэхъыщхьэ дыдэу къытпэщылъхэм ящыщщ бзэм и пщIэр къэIэтыным, ар щIалэгъуалэм хъугъуэфIыгъуэу къегъэлъытэным хуэщIа Iэмалхэр зэдгъэпэщын зэрыхуейри. Дауэ хъуми, лэжьыгъэр къызэрыдмыгъэувыIэнымрэ хэкIыпIэхэр къызэрыдгъуэтынымрэщ зи ужь дитыр.

**- ДАХ-м и XIII Зэхуэсышхуэм нэхъыщхьэ дыдэу къыпэщылъыр сыт нобэкIэ?**

- Лъэпкъыр зыгъэгумэщI сыт хуэдэ Iуэхуми пэджэжыфу, абыхэм я зэблэгъэкIыпIэ хъунум и Iэмал-кIуэрабгъухэр къигъуэтыфу щытын хуейщ. «Зэманым екIур лIыфIщ», - жиIащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Дэри сытми дыхуэхьэзыру, ди фейдэ зыхэлъыр пхыдгъэкIыфу дыщытын хуейщ. Дунейм текъухьауэ тет лъэпкъыр зэшэлIэжыным, абы и анэдэлъхубзэмрэ хабзэмрэ хъумэным, и хуитыныгъэхэмрэ щхьэхуитыныгъэхэмрэ къыщыжыным, Хасэм къыхыхьэ зэгухьэныгъэхэм якъуэтыным, лъэпкъым щыщу зи адэжь лъахэ къэзыгъэзэжыну хуейхэм ядэIэпыкъуным телэжьэныр ДАХ-м и къалэнщи, а Iуэхугъуэхэми сыт щыгъуи и нэIэ тетынущ.

Мы зэпсэлъэныгъэр къэзгъэсэбэпу иужь лъэхъэнэм зи пашэу сыщыта ДАХ-м и Хасащхьэми ГъэзэщIакIуэ гупми хэтхэм дэтхэнэми фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт. Псоми ди зэхуэдэ лъэпкъ Iуэхум ахэр гу къабзэ псэ къабзэу бгъэдэтщ, яхузэфIэкIи къамыгъанэу адыгагъэм толажьэ.

Апхуэдэу фIыщIэ яхуэсщIынут КъБР-м, КъШР-м, АР-м я унафэщIхэми, дызыдэлажьэ къэрал къулыкъущIапIэхэми, жылагъуэ зэщIэхъееныгъэхэм хэт цIыху жыджэрхэми. ДАХ-м и лэжьыгъэм я нэIэ тету, сыт щыгъуи къытщIэупщIэу, ди Iуэху зыIутыр зэрагъащIэу, дызыхуэныкъуэмкIэ зыкъытщIагъакъуэу щытщи, Тхьэр арэзы къахухъу!

*Епсэлъар* **ТАБЫЩ Муратщ**.

# IэпэIас

Еутых Асе - дунаим щызэлъашIэрэ IэпэIас, тыжьынышI. Iашэхэр зышIырэ гъукIэхэр ялIакъо къызэрэхэкIыхэрэмкIэ тиэрэ къыпэу илъэс 374-м щыублагъэу ацIэ Iугъэ.

Пшызэ исэмэгу нэпкъ щыпсэущтыгъэ ялIэкъо IэпэIасэ тхьалъэIупIэ унэ ышIынэу Афинхэм ащэгъагъ. ЛIакъом IэпэIасэу хэтыгъэхэм ясэнаущыгъэ лъым хэлъэу Асе къынэсыгъ. ИIэпэщысэхэр хьалэмэт пкъыгъоу зэрэщытхэр ушэтакIохэм къагъэшъыпкъэжьы, дунаим имузей цIэрыIохэм яхъарзынэщхэм ачIэлъых, унэе коллекциехэр къагъэбаих. Пачъыхьэ паIохэр, къамэхэр, ритонхэр, псэушъхьэ пкъыгъохэр - ахэм апэпчъ Асе ищыIэныгъэ, ыпсэ изыIахьэ ахелъхьэ. Апэрэ IофшIэгъэ инэу пачъыхьэ унагъом пае Еутых Асе ышIыгъэр 1998-рэ илъэсым зэшIуихыгъ. Иорданием ипачъыхьэу Хъусейн ыкъоу Али илъэIукIэ къэзыухъумэхэрэ дзэкIолIхэм апае Iашэхэр IэпэIасэм ышIыгъагъэх. 2004-рэ илъэсым Али инысащэ Асерэ ишъхьэгъусэу Тыркоо Руслъанрэ ригъэблэгъагъэх. Къыщэщтыгъэ Рим Брахими инысэщэ шъуашэ Асе иэскизкIэ арагъэдыгъагъ, гъэдэхэн пкъыгъоу игъусагъэхэри, зэшъхьэгъусэхэм шыхьат Iэлъынэу аIэ ралъхьагъэхэри ригъэшIыгъагъэх. Джащ фэдэу пачъыхьэ унагъом пае нэбгырэ 48-м ателъытагъэу пкъыгъо пчъагъэ зыхэхьэрэ сервиз Асе афишIыгъ. Пачъыхьэм ишъхьэгъусэу Рание тыжьын пшъэрылъын (колье) фишIыгъагъ. Али ыпхъоу Далилэ шыу зекIоным пае шъошэ зэпылъ фызэтригъэпсыхьэгъагъ. Пачъыхьэ унагъор икIэщакIоу Асе иIэпэщысэхэр Иорданием къыщагъэлъэгъонхэу загъэхьазырзэ пандемиер къежьи, ягухэлъхэр зэблихъугъэх, Iофтхьабзэр зэкIахьан фае хъугъэ.



Еутых Асе уасэу къыфашIырэм ишыхьатэу 2007-рэ илъэсым, Михаил Пиотровскэм иегъэблагъэкIэ, Къэралыгъо Эрмитажым IэпэIасэм иIэпэщысэхэм якъэгъэлъэгъон пкъыгъо 600-м къехъу хэтэу къыщызэIуахыгъагъ. Ахэр ежь Асе ыгъэткIурэ джэрзым, тыжьыным ыкIи дышъэм ахэшIыкIыгъагъэх. Адыгэ IэпэIасэм иIэшIагъэхэр Эрмитажым ихъарзынэщ хэлъых, ахэм япчъагъэ хагъэхъоным дэлажьэх. Тарихъ ыкIи культурнэ мэхьэнэ куу зэряIэр искусствоведхэм къаушыхьаты, уасэ афэшIыгъуай, хьалэмэтых. Еутых Асе иIэшIагъэхэр агъэлъапIэу зыугъоихэрэм ясатыр ахэтых Урысыем и Президентэу Владимир Путиныр, Казахстан и Президентэу Нурсултан Назарбаевыр, Азербайджан и Президентэу Ильхам Алиевыр, Иорданием ипачъыхьэу Абдала, нэмыкIхэри.

Асе - лъэпкъыр зэрыгушхорэ IэпэIас. ХудожествэхэмкIэ Урысые академием, Урысыем исурэтышIхэм я Союз хэт. Проект гъэшIэгъонэу аужырэ илъэсхэм зыдэлажьэрэр - «Дышъэ хъарзынэщ» («Золотая кладовая Аси Евтых»). Ар зычIэтыщт унэр Мыекъопэ къэлэ паркым щашIыгъ, ыкIоцIыкIи, ынэIукIи изэтегъэпсыхьан ыкIэм нагъэсыгъэу IофшIэнхэр щылъэкIуатэх. Лъэпкъ искусствэм, шэпхъэ лъагэмэ адиштэрэ IэпэщысэшIыным хэхъоныгъэ инэу ар афэхъущт. Еутых Асе къызэрэтиIуагъэмкIэ, мыжъо лъэпкъ пытэм хэшIыкIыгъэ джэхашъохэр, мыжъо гъэпкIагъэхэр унэм икъат пэпчъ щыхьазырых. ЕтIэф гъэпкIагъэу кIашъохэр, дэпкъхэр къэзгъэкIэракIэхэрэми Iофэу адашIэрэр къаухыгъ. Унашъхьэм тет чэщанэ (башне) пчъагъэр зэрэхъурэр - 8. Ахэр зэрэгъэкIэракIэгъэщт пкъыгъохэри Асе мэхьэнэ куу зэритырэ игукъэкI хьалэмэтхэм ащыщ. IэпэIасэм зэкIэми ашъхьэ къырихыпэрэп, зыгорэхэр шIухьафтынэу, бгъэшIэгъон фэдиз икъунэу, щыпэлъэгъу шъыпкъэу щытын фае. АщкIэ Асе детэгъаштэ ыкIи зэкIэ къэттхыжьырэп.

«Ти ЛIышъхьэу КъумпIыл Мурат лъэшэу ынаIэ къыттет, - зэригуапэр къыхэщэу Асе къыхегъэщы, - ежь ышъхьэкIэ къакIо, IофшIэнхэр зынэсыгъэхэр зэрегъэлъэгъу. Мары бэмышIэу ар къызэкIом къэлэ паркым къыщыткIухьагъ, ар зэрэзэблахъущтым, проектымкIэ щагъэпсыщт псэуалъэхэм ягугъуи тшIыгъэ. НахьышIум тетэу Мыекъуапэ итеплъэ зэрэзэблэхъугъэщтым яшъыпкъэу тиIэшъхьэтетхэр дэлажьэх. А зэпстэур цIыфхэм афэлэжьэщт. Мыекъуапэ - Республикэм игупч, инэпэеплъ. Тынапэ лъэпкъым фэшъошэн фае».

Еутых Асе и Дышъэ хъарзынэщ зычIэтыщт унэм пэчIынатIэу, мэфэкI джэгухэр зыщашIыщтыгъэ пчэгум нартхэм ядышъэ мыIэрысэ чъыг Iуагъэуцощт. Ар Дышъэ хъарзынэщым епхыгъэ апэрэ проектэу рахъухьагъэхэм ащыщ. IэпэIасэм къызэриIорэмкIэ, нэмыкI Iофтхьэбзэ гъэшIэгъонхэр ащ къыкIэлъыкIощтых. Тиархеологие къэзгъэбаирэ, хэушъхьафыкIыгъэ шапхъэ къезытырэ, тиIуашъхьэхэм къачIахыжьырэ мыекъопэ быгъу цIыкIухэм янэпэеплъэу, мы псэушъхьэм исаугъэти Мыекъуапэ дагъэуцоным зэрегупшысэхэрэм Асе ышъхьэ къырихыгъ. А зэпстэум Мыекъуапэ щыпсэухэрэр, республикэм икъэлэ шъхьаIэ зыгъэлъэпIэрэ хьакIэхэр пэплъэщтых. А проектхэм къежьапIэ афэхъущт Дышъэ хъарзынэщыр къиихьащт илъэсым, Адыгеим къэралыгъо гъэпсыкIэ иIэ зыхъугъэм иилъэси 100 зыщыхагъэунэфыкIыщтым тефэу ар къызэIуахынэу рахъухьагъ.

**ТЭУ Замирэ.**

# Адыгэм илъэпIэ тхакIу



Адыгэ тхыгъэ литературэр щыIэ хъунымкIэ, ащ лъапсэ ышIынымкIэ зышъхьамысыжьэу Iофышхо ылэжьыгъ зэлъашIэрэ тхэкIо нахьыжъэу КIэрэщэ Тембот Мыхьамэт ыкъом. Ар къызыхэхъухьэгъэ зэманыр хэтрэ цIыф лъэпкъкIи, адыгэхэмкIи шIункIыгъ ыкIи хьылъагъэ. Ау Октябрэ революцием итыгъэ къыкъокIи Совет хэбзакIэр загъэпсым, жьыкъэщэгъу гуапэу бэрэ зэжагъэхэр игъорыгъоу цIыф лъэпкъхэм агъотыгъ. Анэ къэплъагъ, агу зиIэтыгъ.

Тембот ятэу Мыхьамэт цIыф Iуш чыжьэрыплъагъ. ОхътакIэу къэкIуатэрэр анахь зыфэныкъощтыр гъэсэныгъэ-шIэныгъэр арэу зэрэщытым гу лъитагъ. ИкIалэ джа лъэгъо нэфым зэрэтырищэщтым лъэшэу ынаIэ тетыгъ – ыпIугъ, ылэжьыгъ, ригъэджагъ. Еджэгъэ-гъэсагъэ хъугъэ Тембот зэкIэ ыгъотыгъэ гушъхьэгъомылэр шIуагъэ хэлъэу иадыгэ лъэпкъ зэрэIуигъэкIэжьыщтыр игугъэпIэ инэу щыIагъ ыкIи имурад къыдэхъугъ.

Уилъэпкъ гукIэ, псэкIэ уемыпхыпагъэмэ, ащ фэдиз гумэкI-гулъытэ зыхэбгъотэжьыщтэп ыкIи фыуиIэщтэп. КIэрэщэ Тембот илъэпкъ гукIэгъу ин пасэу къэущыгъагъ, кIэхъопсыщтыгъ ар гъогу зэфэ зэщиз дахэм тетэу къылъэгъужьыным. Ары тхэкIогупшысакIор зыфыщыIагъэр ыкIи опсауфэ зыфэтхагъэр иадыгэ лъэпкъ идунай зыфэдэр тыди щыIэ хэтрэ цIыф лъэпкъи фыриIотыкIыныр ары. ЛIы гъэсэгъэ Iушым ар фызэшIокIыгъ, къыдэхъугъ: Тембот гъэсэныгъэкIэ, шIэныгъэкIэ узэндыгъагъэ; ащ игулъытэ чан икъэрар лъагэ зыгоуцожьым, зигущыIэ лъэш, щэмыохъум фэдэ тхэкIо гъэшIэгъон къыхэкIыгъ.

Адыгэ лъэпкъым ищыIэкIэ-псэукIэ, ицIыфыгъэ хабзэ, изекIокIэ-шIыкIэ хэхыгъэхэр тхыпхъэ мыпкIыжьхэу, ытхыгъэ художественнэ произведениябэм Т. КIэращэм ащигъэчъыгъэх. Ар адыгэ литературэ ныбжьыкIэм прозэмкIэ иапэрэ лъэгъохэщ хъугъэ. ЩэIэфэ игупшысэ Тембот щигъэшIуагъэр иадыгэ лъэпкъ иIушыгъ, игулъыт, идэхэгъэбаигъ, ицIыфыгъэ хабз, ынэпэ къабз. Непи адыгэр зыфэдагъэр - илIыгъэ, ицIыфыгъэ, изекIокIэ-гъэпсыкIэ, ибзэ-хабзэ, икъэрар зынэсыщтыгъэр пшIэ пшIоигъомэ, Тембот ихудожественнэ тхыгъэхэм - рассказхэм, повестхэм, новеллэхэм, романхэм ядж. Ахэм умышIабэрэм яджэуап ахэбгъотэщт, уагъэгъозэщт, уаукIушыщт, уилъэпкъ шъхьалъытэжь зыкъырагъэIэтыщт.

КIэрэщэ Тембот - иадыгэ лъэпкъ гъунэнчъэу зилъэпIэгъэ тхакIу, джары ащ ихудожественнэ псэлъэ анахь кIэкIи кIочIэ лые къыхэзылъхьэщтыгъэр.

1925-рэ илъэсым иапэрэ рассказэу «Аркъ» къыхиутыгъ, ащ къыкIэлъыкIуагъ рассказхэр зыдэт сборникэу «Мэщыкъо ишъхьакIу». Повестхэу «Шапсыгъэ пшъашъ», «Хьаджрэт», «Шахъомрэ пшъэшъэ пагэмрэ», романэу «Насыпым игъогу» - 1948-рэ илъэсым Т. КIэращэм, апэрэу Темыр КавказымкIэ, мы романым пае СССР-м и Къэралыгъо премие къыфагъэшъошагъ. ТхакIом икъэлэмыпэ къыпыкIыгъэх зым нахьи адрэр нахь гъэшIэгъоныжьэу романхэр - «Типшъашъэхэр», «Ны Iушым ыпхъу», «Куко», «Шыу закъу», новеллэхэр зыдэтхэ сборникхэу «Абдзэхэ шэкIожъыр», «ЛIыгъэ», нэмыкIхэри. Мыхэр бзэ лъэш гъэшIэгъонкIэ тхыгъэх, иобразхэр лъэшых, зэфэшъхьафых, цыхьэ пытэ зыфыозгъэшIырэх. ТхакIом игупшысэ дунай ихъоо-пщаугъэ ащ акъылкъулайныгъэшхо IэкIэлъэу зэрэщытыгъэр къеушыхьаты, Тхьэм къыхилъхьэгъэ зэчый иныр а зэкIэм къазыхэхъожьым, лъэпкъым ыцIэ лъагэу зыIэтыщт тхакIо иIэ зэрэхъугъэр къэнэфагъ. Адыгэ лъэпкъыжъ-лъэпкъышхощтыгъэр, лIыгъэ-цIыфыгъэкIэ зыпшъэ укIонэу щымытыгъэр зыфэдагъэр зышIоигъо пэпчъ ярэдж КIэрэщэ Тембот ипроизведениехэм, джащыгъум, ежь еджагъэми, зыдишIэжьэу къыхэхъощт.

Шъэрэ къэпIоным нахьи, зэ плъэгъоу узаджэрэр, ныбжьырэу гум реубытэ. Арышъ, романэу «Шыу закъом» щыщ пычыгъо кIэкI мыщ къыкIэлъыкIоу къыхэтэуты.

**МАМЫРЫКЪО Нуриет.**

# Къэралыгъо ыкIи политическэ IофышIэшхоу ЛIыхэсэ Мухьдинэ

Адыгэ хэкур ылъэ пытэу теуцоным, хэхъоныгъэхэр, лъэбэкъушIухэр ышIыхэзэ ыпэкIэ лъыкIотэнышъ, непэ къэралыгъо гъэпсыкIэу иIэ хъугъэм къыфэкIоным лъэпсэшIу фэзышIыгъэхэм ащыщ ЛIыхэсэ Мухьдинэ Шъалихьэ ыкъор.

Мухьдинэ щыIэныгъэ гъогоу къыкIугъэр ежь къызыхэхъухьэгъэ лъэхъаным, илэгъу кIалэхэм ащыщхэу еджэным имэхьанэ къызыгурыIуагъэу, щыIэныгъэм чIыпIэ гъэнэфагъэ щызыубыты, ыкIуачIэ, ишIэныгъэ илъэпкъ фэзыгъэлажьэ зышIоигъохэм афэд. Ахэм яшIэныгъэкIэ, яIофшIакIэкIэ къаушыхьатыгъ цыхьэ афэпшIынэу, къэралыгъо IофышIэ дэгъухэр ахэкIынхэу зэрэщытхэр. Комсомолым, партием апIугъэ кIэлэ ныбжьыкIэхэу зыцIэ раIоу аублагъэхэм ясатырэ хэтыгъ ЛIыхэсэ Мухьдинэ.

1941-рэ илъэсым бэдзэогъум и 20-м къуаджэу Хьалъэкъуае къыщыхъугъ, ащ щеджагъ. ЕджапIэр къызеухым Краснодар дэт мэкъумэщ институтым чIэхьагъ. КIэлэ ныбжьыкIэм трактористэуи совхозэу «Путь Ильичам» Iоф щишIагъ (1959 - 1965-рэ илъэсхэм). Сыд фэдэрэ IофшIэни чанэу, гуетыныгъэу фыриIэу зэригъэцакIэрэр къэлъэгъуагъ, Теуцожь районым мэкъумэщымкIэ и ГъэIорышIапIэ IэнэтIэ зэфэшъхьафхэр щигъэцакIэхэу ыублагъ. Ахэм адакIоу, Мухьдинэ спортыми пылъынэу игъо ифэщтыгъ, гъэхъагъэхэри ышIыгъэх. Ар самбэмкIэ Краснодар краим гъогогъуиплIэ ичемпион хъугъэ, ДСО-у «Буревестникым» гъогогъуищэ ичемпионыгъ, нэмыкIыбэхэми хагъэунэфыкIырэ чIыпIэхэр къащихьыгъэх. Институтыр къызеухым Мухьдинэ инженер шъхьаIэу агъэнэфагъ, нэужым партием и Тэхъутэмыкъое район комитет иапэрэ секретарэу хадзыгъ. 1974 - 1979-рэ илъэсхэм а IэнатIэр ыгъэцэкIагъ. Ащ фэдэ IэнатIэм а лъэхъаным уIуагъэхьаным фэшI бэрэ къыплъыплъэщтыгъэх, лъэныкъуабэхэмкIэ уасэ къыпфашIыщтыгъ. Ау Мухьдинэ IофшIэнымкIэ IэпэIэсэныгъэу хэлъыр 1959-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу нафэ къэхъугъагъ, общественнэ ыкIи политическэ щыIакIэм ар чанэу хэлажьэу ащыгъум ыублэгъагъ.

ЛIыхэсэ Мухьдинэ РСФСР-м и Апшъэрэ Совет ия IX - X-рэ зэIугъэкIэгъухэми ядепутатэу хадзыгъагъ. РСФСР-м инароднэ депутатыгъ, УФ-м и Апшъэрэ Совет



хэтыгъ. Илъэси 10-м ехъурэ Адыгэ автоном хэкум игъэцэкIэкIо Комитет ипэщагъ. А илъэсхэм хэкум хэхъоныгъэу ышIыгъэхэм Мухьдинэ иIахьышхо ахэлъыгъ. Къыхэгъэщыгъэн фае 1980-рэ илъэсым Мухьдинэ Адыгэ хэкуисполкомым ия 13-рэ тхьаматэу зыхадзым, 1992-рэ илъэсым нэс, ар зэхагъэкIыжьыфэ а IэнатIэм зэрэIутыгъэр.

СССР-р зызэхагъэзыжьым ыуж ар УФ-м лъэпкъ IофхэмкIэ, социальнэ ыкIи экономическэ хэхъоныгъэхэр республикэхэм ашIынхэмкIэ и Совет и Комиссие хэтыгъ, Адыгэ Республикэм чIыгум ибаиныгъэхэмкIэ ыкIи ащ игъэфедэнкIэ и Къэралыгъо Комитет ипащэ иапэрэ гуадзэу Iоф ышIагъ. Мухьдинэ Адыгэ Республикэм и Президент иупчIэжьэгъоуи илъэс зэкIэлъыкIохэм щытыгъ.

Тыдэ зыщэIи, сыд фэдэ IэнатIэ зыIоти, ЛIыхэсэ Мухьдинэ пшъэдэкIыжьэу ыхьырэр къыгурыIозэ хьалэлэу Iоф ышIагъ, илъэпкъ, ихэку, иреспубликэ зышъхьамысыжьэу афэлэжьагъ. Ащ фэдэ IофшIэным къэралыгъом ифэшъошэ уасэ къыфишIыгъ, ащ ЛэжьэкIо Быракъ Плъыжьым иорден, Щытхъум иорден тIогъогогъо къыфагъэшъошагъэх, Адыгэ Республикэм итын лъапIэу «Адыгеим и Щытхъузехь» зыфиIорэр къыратыгъ.

**ЖАКIЭМЫКЪО Iэминэт.**

# IуэрыIуатэм и гуащэ

**И щэджащагъкIэ къыпхуэмылъытэну адыгэм IуэрыIуатэ къулей къыщIэнащ. Ар нэгъуэщI лъэпкъхэм ябгъэдэмылъ хъугъуэфIыгъуэщ, телъыджагъщ, лъэпкъым и налкъутщ.**



ЛЪЭПКЪ IуэрыIуатэр джыным, тхыдэр къэхутэным, пасэрейхэм зэрахьа щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр къэIэтыжынымрэ хъумэнымрэ, ахэр ди гъащIэм хэпщэным, лъэпкъыбзэр адыгэхэм яIурыгъэлъыным гуащIэшхуэ нобэ хуэзыгъэтIылъ щIэныгъэрылажьэ пашэщ Пащты (Мыжей) Мадинэ. Абы и гъащIэм къыгуэпх мыхъуну епхащ и псэр зыхэлъ и лэжьыгъэр.

Егъэлеяуэ жысIэкъыми, щIэныгъэрылажьэ гуащIафIэр и лэжьыгъэхэмкIэ дуней псом щикъухьа адыгэхэм фIыщэу къыщацIыху. Абы бгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ зэхэщIыкI лъагэмкIэ я къежьапIэри гурыIуэгъуэщ. Хэт, атIэ, адыгэ щIэныгъэ утыкум де жди лъэпкъым къыхэкIа IуэрыIуатэдж, щIэныгъэрылажьэ лъэрыхь Мыжей Михаил зымыцIыхур? Абы и щIэблэщ адэм и лэжьыгъэр нобэ купщIэ хэлъу пызыщэ Мадинэ.

ЩIэныгъэ нэс зыбгъэдэлъ цIыху акъылыфIэм, и зэфIэкIхэри гъунэншэщ. Апхуэдэ цIыху гуащIафIэм гугъуехь хэмылъу хуэфэщэн лэжьыгъи игъуэтынущ, зиужьынущ, и псэр зыщIэхъуэпс щэхухэри къэхутэным, нэхъыбэ зригъэщIэным еш имыщIэу елэжьынущ, зыхуигъэувыжа мурадхэри ерыщу зригъэхъулIэнущ. Апхуэдэщ Мадинэ и Iуэху щIэкIэри...

Мадинэ къыщыхъуащ Черкесск къалэм. Курыт щIэныгъэр здыщигъуэтари Къэрэшей-Черкес Республикэращ. Иужьым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкIэ и факультетым щIыхьэри, еджапIэр диплом «плъыжькIэ» къиухащ.

1995 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу КъардэнгъущI Зырамыку, Нало Заур сымэ ядэлэжьэн щригъажьэри, 2002 гъэм и кандидат диссертацэр профессор Гъут Адэм и нэIэм щIэту Налшык къалэм деж щыпхигъэкIащ. Филологие щIэныгъэхэм я кандидат цIэ лъапIэри къыхуагъэфэщащ.

Мейкъуапэ дэт Адыгэ къэралыгъуэ университетым къыщызэрагъэпэща, профессор Унэрокъуэ Рае зи унафэщI Лъэпкъ щIэныгъэмкIэ Купсэм щылэжьэн итIанэ щIедзэ. Иужьым, 2008 гъэм щегъэжьауэ, Адыгэ Республикэм щыIэ, КIэрашэ Тембот и цIэр зезыхьэ, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым этнологиемкIэ и къудамэм и щIэныгъэрылажьэ пашэу, а IуэхущIапIэм и гуащIэ щегъэтIылъ.

Пащты Мадинэ Тыркум щыпсэу адыгэхэм я деж IуэрыIуатэ-этнологие экспедицэ зыбжанэ щрегъэкIуэкI, абы къыщиугъуеижа материалхэмкIи тхыгъэ 50-м щIигъу и Iэдакъэ къыщIэкIащ, къытригъэдзащ.

2004 гъэм щегъэжьауэ Пащты Мадинэ Адыгэ къэралыгъуэ университетым и проекту «Тыркум щыпсэу адыгэхэр» серием и редколлегиеми, абы къыдэкIуэу, Мейкъуапэ къэбэрдеибзэрэ кIахэбзэмрэкIэ къыщыдэкI «Псалъ» журналым и редколлегиеми яхэтщ.

Пащты Мадинэ ящыщщ кавказ къэхутэныгъэхэмкIэ Истамбыл къалэм къыщыдэкI JOCAS («Journal of Caucasian Studies», «Кавказоведческие исследования») журналыр къыдэзыгъэкIхэм. Мы журналым тыркубзэмкIэ, инджылызыбзэмкIэ, урысыбзэмкIэ я тхыгъэхэр къыщытрадзэ этнологием, тхыдэм, бзэм елэжь щIэныгъэлI цIэрыIуэхэм.

Пащты Мадинэ Тырку къэралым и университет нэхъ инхэм, лъэрыхьхэм ящыщ зым, Къайсэр къалэм дэт Эрджиес университетым ирагъэблэгъауэ иужь илъэсищым щолажьэ. Абы адыгэбзэмкIэ и къудамэм Мадинэ адыгэ культурэр, IуэрыIуатэр, диалектологиер, нэгъуэщI дерсхэри щрегъэдж.

И адэ Мыжей Михаил зэхуихьэсыжа IуэрыIуатэхэр, къыдигъэкIауэ щыта тхыгъэхэр я лъабжьэу, езым и къэхутэныгъэхэмрэ и тхыгъэхэмрэ щIыгъужу, 2012 гъэм Пащты Мадинэ адыгэбзэкIэ къыдигъэкIащ «Адыгэ мифологием и энциклопедие» тхылъыр. Ар 2018 гъэм Анкара къалэм тыркубзэмкIэ зэдзэкIауэ дунейм къыщытехьащ. Уеблэмэ, а тхылъым ит материалхэр куржыбзэкIи зэрадзэкIри, Тбилиси къалэм къыщыдэкIа «Кавказ лъэпкъхэм я мифологием» хагъэхьащ.

**АБИДОКЪУЭ Люсанэ.**

# ВагъуэщIэ

**Сыту гъэщIэгъуэныщэу зэхэлъ цIыхум и гъащIэр. Хэти елъагъу дахэри фаджэри, захуэри къуаншэри, хъунури мыхъунури егъэбелджылы. Сабий психологхэм зэрыжаIэмкIэ, цIыхур щыцIыкIу лъандэрэ усэ тхыным, уэрэд жыIэным етамэ, балигъ гъащIэм зыпэщIэхуэнкIэ хъуну гугъуехьхэр къытемыхьэлъэу къызэренэкIыф.**

НОБЭ ди щIэджыкIакIуэхэр нэIуасэ фызыхуэтщIыну адыгэ пщащэ цIыкIум - оперэ, классикэ уэрэдхэр зэчий ин хэлъу утыку къизыхьэ БищIо Iиман и сабиигъуэр къежьащ творчествэ и лъэныкъуэкIэ купщIафIэу...

Iиман 2008 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 18-м Иорданым и къалащхьэ Амман къыщалъхуащ. Кавказ зауэ лъыгъажэм щыгъуэ Тыркум ирахуауэ щыта адыгэхэм я щылъхущ уэрэджыIэм и адэ Янал. И анэ Мэг - Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыщщ, инджылызщ. Унагъуэм Iиман я сабий курытщ, абы дэлъхуитI иIэщ: Ехьярэ Iэдэмрэ.

Хэкурыс адыгэхэр куэд щIауэ кIэлъоплъ БищIо Iиман и творчествэм зэрызиужьым, ирогуфIэ икIи ирогушхуэ ар гъуазджэ утыкум вагъуэщIэ цIыкIуу къызэриувам. Апхуэдэуи, пщащэм и гъащIэм, и мурадхэм теухуауэ къыддэгуэшэну Интернет IэмалкIэ зыщыхуэдгъазэм, и гуапэу къытпэджэжащ, ди упщIэхэми жэуап къритыну дызэгурыIуащ. Ауэ, дызэпсэлъэн ипэ къихуэу, Iиман и анэм къытхуитха псалъэхэм щхьэфэцкIэ даIэтащ: «Си пщащэм фIыуэ елъагъу адыгэм и щэнхабзэр, ирогушхуэ зэрыадыгэм. Пэжым фыхуеймэ, сэ зэшыгъуэм ихь къызэрыгуэкI америкэн цIыхухэм сащыщ къудейщ. Аращ сэ зэрызыслъытэжыр. Адыгэхэм сынывохъуапсэ, фэ фиIэщ гъэ мин бжыгъэкIэ зэманым хуэмыгъэкIуэда тхыдэ...»



- Iиман, япэрауэ, дэнэ ущеджэрэ, сыт хуэдэ предметым нэхъ ущехъулIэрэ?

- Америкэм и Штат Зэгуэтхэм дыкъыщыкуэшыжам, Флоридэ къалэм япэу дыщетIысэхати, тпэмыжыжьэу щыIэ еджапIэм сагъэкIуащ. Ауэ, абдежым сызэреджагъэшхуи щыIэкъым. Си адэ-анэм еджапIэр щызухкIэ и чэзум сыкъащтэжыну яхущIыхьэтэкъыми, ахэр си егъэджакIуэхэм ягурыIуащ ди унэм къакIуэурэ къыздэлэжьэну. Ауэ, си анэм и дэсыгъуэ махуэхэм езым сригъаджэт.

Хэти лъэкIынущ Америкэм щIэныгъэ куу щызригъэгъуэтыну. Псалъэм папщIэ, нобэ сэ хьисэпыр е географиер си гум нэхъ къещтэ жысIэмэ пцIы супсынущ. Лъэныкъуэ псоми соплъ, нэхъ къыздэхъур къызгурыIуэн щхьэкIэ.

- Бзэ дапщэ пщIэрэ? Адыгэбзэр уи унагъуэм къыщывгъэсэбэпрэ, фрипсалъэрэ?

- ФIыуэ сощIэ инджылызыбзэр. Сропсалъэ хьэрыпыбзэм, итальяныбзэм, тIэкIу къызгуроIуэ адыгэбзэр, ауэ сытегушхуэфкъым, бзэм нэгъэсауэ сызэрыхуэмыщIам сроукIытэри. Амман щыпсэу си дадэмрэ нанэмрэ хьарзынэу анэдэлъхубзэр ягъэшэрыуэ, тхылъи йоджэф икIи мэтхэф. Абыхэм къызэрызжаIэжамкIэ, илъэсищэм щIигъукIэ узэIэбэкIыжмэ, Иорданым къэIэпхъуа ди адэшхуэхэм къыздахьауэ щыта ди бзэр кIуэдыжыпэным нэсащ. Ауэ, сэ сыпылъщ си уэрэдхэмкIэ адыгэбзэр утыку къисхьэным. Апхуэдэуи, сIурылъщ...

- Уэрэдхэм и гугъу щыпщIакIэ, укъытхутепсэлъыхьамэ хъунт япэу музыкэм, творчествэм зэрызепта хъуам... Илъэс дапщэ хъуауэ уэрэд жыпIэрэ?

- ИлъэситI-щы сыщыхъуам, фIыуэ слъагъут къэрэндащкIэ сурэт гуэрхэр сщIыну. Нобэ хуэдэу сощIэж. ИтIанэ бжэмышх къасщтэурэ телевизорым къихьэ уэрэджыIэхэм запысщIыжт, сигу изубыда уэрэдхэр щхьэхуэпсалъэу махуэ псом къыздесхьэкIт. Гупсэхугъуэрэ гухэхъуэрэ къызет си творчествэм. Зыгуэр къыщызэмыхъулIи щыIэщ, ауэ сигу зэи згъэкIуэдкъым. НыбжькIэ илъэситхум ситу, япэ дыдэ итальяныбзэкIэ оперэ уэрэд сценэм щыжысIауэ щытащ.

- Кавказым зэгуэр ущыхьэщIа, укъэкIуэну гугъэ уиIэ?

- Хэкужьым зэи сыщыIакъым, ауэ адыгэхэм ятеухуа хъыбар куэд седжащ икIи ди нэхъыжьхэм жаIэжу зэхэсхащ. Хэкум и гугъу къыщысхуащIкIэ, гупсысэх сохъури, а щIыналъэр нэгъуэщI планетэ гуэрым щыIэ хуэдэу къысщохъу. Си нэ къокI сынэкIуэну, адыгэхэм саIущIэну, сахэтыну сыхуейщ. ЗэрызэхэсхамкIэ, Хэкум и къуршыбгхэр дахащэщ...

- Нобэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэм уета? УэрэдыщIэ птхырэ, сыткIэ адыгэхэр дыбгъэгуфIэн?

- Уэрэд тхыныр си гъащIэм щыщ Iыхьэ хъуащ. НобэкIэ студием инджылызыбзэкIэ тестха уэрэдхэр схунагъэсыж. ИджыпстукIэ, Иорданым и пащтыхь Абдаллэ ЕтIуанэм и унагъуэм си анэмрэ сэрэ дыкърагъэблэгъауэ дыщохьэщIэ. Мы махуэхэм зыхудогъэхьэзыр Рагадан быдапIэм къыщыттыну концертым.

МазитI текIмэ Нью-Йорк, Вашингтон къалэхэм концерт щыстынущ, абыхэм къакIэлъыкIуэу Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я къалащхьэ Дубай дыкIуэнущ.

- Iиман, дызэрыщыгъуазэмкIэ, уэ музыкэ фестивалхэм ухэтащ, япэ увыпIэхэри къыщыпхьащ. Апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм дауэрэ ухэхуа, хэт ухигъыхьа?

- Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я гимныр нэхъыфIу зыгъэзащIэ къыхахын хуейти, флоридэдэсхэр уэрэд жыIэнкIэ творческэ зэпеуэм зыхуагъэхьэзыру щызэхэсхым, сэри сыкIуащ абдеж зыкъыщызгъэлъэгъуэну. ЕджапIэм сыкIуагъащIэти, сабиифэ афIэкI къызаплъэкъым. Арати, сэ сытекIуауэ къыщыщIэкIым, бейсболкIэ чемпионатыщIэ а ГимнымкIэ къызэIузагъахауэ щытащ. Хуабжьу срогушхуэ апхуэдэ Iэмал къызэрызатам.

Иужьым, 2017 гъэм Ливан къэралым щекIуэкIа «Хьэрыпхэм зэчиифIэхэр къалъыхъуэ» жыхуиIэ музыкэ фестивалым и етхуанэ къекIуэкIыгъуэм срагъэблэгъащ. Дунейпсо оперэ музыкэр езыгъэфIэкIуахэм ящыщ, классик уэрэджыIэ Бочелли Андреа итальяныбзэкIэ игъэзащIэ «Con te partiro» (СыныбдэкIуэнущ) зи фIэщыгъэцIэ уэрэдыр финалым щыжысIэм, залым щIэсахэм текIуэныгъэр сэ къысхуагъэфэщащ, икIи текIуапщIэу къыщысхьащ доллар мини 130-рэ.

Фестивалыр иуха нэужь, тхьэмахуи темыкIауэ, Иорданым и пащтыхь Абдаллэ ЕтIуанэм и деж срагъэблагъэри, къэралым и хуитыныгъэм и Махуэм ехъулIэу, «ФIыщIэхэм папщIэ» дыщэ медалыр къысхуагъэфэщащ. Сабий ныбжьым ситу оперэ уэрэд хьэлъэхэр зэрызгъэзащIэм папщIэ къызатауэ сиIэщ «Global prodigy» саугъэт лъапIэр.

2019 гъэм «Америкэм зэчиифIэхэр къелъыхъуэ» фестивалми сыхыхьэри, финалым икIа нэхъыфIипщIым сахэхуащ. СытекIуэфакъым, сыту жыпIэмэ икъукIэ гугъут жыжьэ унэсыныр.

- Сыт хуэдэ музыкантхэм уадэлажьэрэ? Макъамэ Iэмэпсымэхэм уеуэфрэ? ВокалымкIэ зыбгъасэрэ, уи макъым и зыужьыныгъэм дауэ уелэжьрэ?

- Нидерланды къэралым щыщ дирижёр цIэрыIуэ Рье Андре и оркестрыр Америкэм къыщишэм, нэIуасэ дызэхуащIащ, икIи зэгъусэу зы уэрэди дгъэзэщIауэ щытащ.

Музыкэ Iэмэпсымэхэм ящыщу классикэ гитарэмрэ гавай къэралым щащI гитарэмрэ соуэф. ВокалымкIи илъэс еплIанэ хъуауэ зызогъасэ. И нэхъыбэм, музыкэм зэман куэдыщэ сфIехьри, седжэнуи щысхущIэмыхьэж къохъу.

- Iиман, уэркIэ хэт адыгэ пщащэр?

- Ар гулъытэ зыхэлъыпхъэ, зи унагъуэм щыщ дэтхэнэри фIыуэ зылъагъу, сыт щыгъуи абыхэм яхуэгузавэ, яхуэгумащIэщ. Псалъэм папщIэ, Америкэм щыIэ пщащэхэр нэгъуэщIщ Иорданым щыпсэухэм нэхърэ. Ди хабзэхэри, ди адыгэ фащэри сигу ирохь, сотхъэж ди нанэ адыгэ шхыныгъуэхэр щысхуиупщэфIкIэ. Ауэ, иджырей зэманми сыдэмыкIуатэ, цIыхухэм задэзмыгъэхъу хъукъым. Си творчествэм теухуауэ си адэ-анэм къызахьэлIэ ущиехэм сыщIодэIу, ахэращ сэ си гъуазэ нэхъыщхьэр.

- Сыт мы гъащIэм нэхъыщхьэ дыдэу къэплъытэр?

- ЦIыхум ифI къыхэлъагъукIынращ, фIым егупсысынращ.

*Епсэлъар* **ЛЫХЬ Тимурщ.**

# Европэм и чемпион

Ди лъэпкъыцIэр дуней псом и спорт утыку инхэм, пщIэшхуэ зиIэ зэхьэзэхуэ лъэрыхьхэм щызыIэт, щызыгъэлъапIэ спортсмен адыгэм ди мащIэкъым. Мис, иджы дыдэ Европэм самбо спорт лIэужьыгъуэмкIэ пашагъэр къыщыхьыным (зи ныбжьыр илъэс 18-м нэсахэр хэту) дыщэ медалкIэ, япэ увыпIэкIэ къыхэжаныкIахэм ящыщщ Къэрэшей-Черкес Республикэм хыхьэ Куэш-Хьэблэ къуажэр зи къежьапIэ, самбист ныбжьыщIэ ПIапIшу Азнаур.

Фигу къэдгъэкIыжынщ спортсмен IэпщIэлъапщIэр зыхэта, бжьыпэр здыщиубыда зэхьэзэхуэр. Ар иджыблагъэ Кипр къэралым хыхьэ Лимасоле къалэм щекIуэкIащ. Адыгэ спортсменым зыкъыщигъэлъэгъуащ зи хьэлъагъыр килограмм 79-рэ хъу самбистхэм яхэту. Техникэ дахэ къызыкъуэкIа, IэкIуэлъакIуагъ ин хэлъу зи зэпэщIэтыныгъэхэр езыгъэкIуэкIа Азнаур хузэфIэкIащ Куржымрэ (Грузия) Украинэмрэ къабгъэдэкIа самбист лъэрыхьхэм екIуу бжьыпэр къаIэщIихын.

Къапщтэмэ, Азнаур нобэ къилъэща Европей лъагапIэм ипэ къихуэу, ди лъэпкъэгъу спортсмен ныбжьыщIэм щIыхь зыхэлъ спорт гъуэгуанэ къикIуагъэххэщ, ехъулIэныгъэ лъагэхэри иIэщ. АтIэ, Азнаур самбокIэ Урысейм пашагъэр къыщыхьынымкIэ дыжьын медалыр зыIэригъэхьащ, дзюдокIэ Урысейм и командэ къыхэхам хэтащ (илъэс 18-м нэсхэм), иджыкIэ самбокIэ Урысейм и командэ къыхэхам хагъыхьащ, УФ-м спортым и мастерщ.



Апхуэдиз IэпщIэлъапщIагъ зэзыгъэгъуэта спортсменыр а лъагапIэхэм хуэзышар, Азнаур самбокIи дзюдокIи бгъэдэлъ Iуэху зэхэщIыкI иныр къыбгъэдэзылъхьар УФ-м щIыхь зиIэ и гъэсакIуэ Пчелкин Вячеславрэ, УФ-м дзюдокIи самбокIи спортым и мастер АбытIэ Маратрэщ.

**ЩОХЪУЖЬ Люсанэ.**







# ХЬЭТКЪУЭ Аслъэн:

# Зыкъызэрыдужьыжыр солъагъури, ар си гурыфІыгъуэщ

*И гъащІэ псор къызыхэкІа лъэпкъым тезыухуа, Тырку къэралыгъуэм Адыгэ хасэхэр къыщызэзыгъэпэща Хьэткъуэ Аслъэн шыщхьэуІум и япэ махуэхэм и мурад нэхъыщхьэр зыІэригъэхьэри, и хэкужь щыпсэуну Адыгейм кІуэжат. Апхуэдэ Іуэху дахэр ди нэхъыжьыфІым къызэрыдэхъуам дыщыгуфІыкІыу, хэкужь гъуэгум техьэжын и пэ зыхуэдгъаззэри, интервью дэтщІат и гъащІэм, и къекІуэкІыкІам, и гурылъхэм ятеухуауэ.*

*Хэкум дахэу ирагъэблэгъэжат ди шы нэхъыжьыр, абы къыщыдэкІ газетхэри тетхыхьат тхьэмадэ Іумахуэм. Ауэ псоми я жагъуэ зэрыхъуащи, и щІыгужь игъуэтыжа нэужь, ар куэдрэ псэужакъым. Хьэткъуэ Аслъэн шыщхьэуІум и 19-м дунейм ехыжащ, икІи Мейкъуапэ щыщІалъхьэжащ.*

*НэхъыжьыфІу, чэнджэщэгъушхуэу ди япэ ита адыгэлІ щыпкъэм дедгъэкІуэкІа иужьрей зэпсэлъэныгъэмкІэ мы къыдэкІыгъуэм дыхэувэмэ тфІэфІу, мы тхыгъэр дгъэхьэзыращ.*

**- «Илъэс хьэлъэхэр» зыфІэпща уи тхылъымкІэ ди зэпсэлъэныгъэр едгъэжьэнт, Аслъэн. ИлъэситІ и пэ къыдэкІа а тхылъым сыт нэхъыбэу зи гугъу щыпщІар?**

- Си гукъэкІыж куэд къыщысІуэтэжащ абы. Си сабиигъуэм щегъэжьауэ къэскІуа гъащІэ гъуэгуанэм сыщытепсэлъыхьыжащ. КъызэрыгуэкІтэкъым а гъуэгур, ауэ мыхьэнэ зэтыпхъэр дыкъызыхэкІар тщІэжу, ди бзэр тІурылъу дыкъызэрыхъуарщ. ДыщыцІыкІум дызэрыпсалъэр ди анэдэлъхубзэрат. Курыт еджапІэм сыщыщІэтІысхьам тыркубзэ сщІэртэкъым. Сытым дежи ди тхьэкІумэм имыкІыу итар Кавказымрэ Кавказым ехьэлІа хъыбархэмрэт.

ПэщІэдзэ еджапІэм сыщрагъэджэну Караман дэс си адэ шыпхъум деж сашат. Си закъуэу школым сыкІуэ-сыкъэкІуэжу, бзэр сщІэуэ щыттэкъыми, я гъунэгъу сабийхэр нэІуасэ къысхуащІащ, я гъусэу еджапІэм сыкІуэн, тыркубзэри нэхъ зэзгъэщІэн папщІэ. Зы махуэ гуэрым сыздэщыІэ адэ шыпхъу Чамилэ зы щІыпІэ кІуэн хуейти, адрей си адэ шыпхъу Чатибэ деж сишащ. ТІэкІу сыджэгун мурад сиІэу уэрамым сыкІуащ, арщхьэкІэ къалэ сымыцІыхум сыщыгъуэщащ. Іуэхур зытетыр къызгурыІуа нэужь гъын щІэздзащ. Си нэпси, си пэпси зэхэлъэдэжауэ согъ, «си адэ шыпхъум и унэр дэнэ щыІэ?», - жысІэу сыщІэупщІэу. ЖысІэр зы цІыхум къагурыІуэркъым, сэ сызэрыпсалъэри сщІэри адыгэбзэщ, къысщхьэщытхэр тыркущи, тыркубзэкІэ къызопсалъэ, къысхуогузавэ. ИтІанэ зы зэман Шэрджэс Рэмэзан деж сашащ. Абы си Іуэху зытетыр хуэсІуатэри, си адэ шыпхъум деж сишэжауэ щытащ. Рэмэзан къалэм тыкуэн щиІэти, къуажэхэм къикІ адыгэхэри, къалэдэс ди лъэпкъэгъухэри ицІыхурт, псоми ящІэрт ар зэрыадыгэри, сашауэ арат.

Си анэшхуэ Хъаджэт си Іэпэр иІыгъыу сыкъыщришэкІкІэ, цІыхухъу хуэзамэ, къэувыІэрти, блигъэкІырт. Ари шым къепсыхырти, лъэсу блэкІырт. ИтІанэ ди гъуэгум пытщэжырт, лІыри шым шэсыжырти, щІэпхъуэжырт. Куэд уигу къэбгъэкІыжыфынущ, хабзэ зыдэлъ жылэ, унагъуэ укъыщыхъуамэ. Дэ ди къуажэм дэсу хъуар адыгэт, адыгэбзэкІэ псалъэрт. Ахэр гукъэкІыж ІэфІу сигу къинащ.

Тхылъым истхэжахэм ящыщ сыщыцІыкІум ди деж щызэхуэсу щыта лІыжь-фызыжьхэм къаІуэтэжу щыта хъыбархэр. Ахэр стхыжурэ згъэтІылъати, тхылъыр зэхэгъэувэнымкІэ, къыдэгъэкІынымкІэ сэбэп къысхуэхъуа Бозкурт Метин, фІыгъуэр Тхьэм къыхуищІэ, къезэгъыу ахэри хигъэувэжащ. Абы къищынэмыщІауэ, нэхъапэм журналхэм къытездзауэ щыта тхыгъэхэри къызэщІикъуэжри, тхылъым щызэхуихьэсыжащ. Тыркум щетхьэкІа гъащІэ мытыншыр, псэукІэ хьэлъэр, зэхэтыкІэ гугъур, си щхьэ кърикІуа лъэпощхьэпохэр - мис ахэращ тхылъым ихуар. А псоми лъабжьэ яхуэхъужыр адыгэ цІыхум адыгагъэм щІэбэну хамэ щІыпІэ къыщикІуа гъуэгуанэрщ.



**- Уэ Хэкум мызэ-мытІэу ущыІащ. Адэжь щІыналъэм гъэзэжын Іуэхум дауэ уеплърэ? Лъэпкъым хамэ щІыпІэ зыщихъумэжыфыну, хьэмэрэ иджы щыІэ Іэмалхэр къагъэсэбэпу хэкум ягъэзэжмэ, нэхъыфІ?**

- Хэкум бгъэзэжын фІэкІа хэкІыпІэ щыІэу слъагъуркъым. Щхьэхуэ-щхьэхуэу зытхуэхъумэжынукъым. Нобэ адыгэхэр зыщыщыр ямыгъэгъуэщэным хуабжьу пылъхэщ. Сыт хуэдэ Іуэху иужь дитми, адэжь щІыналъэмкІэ дыплъэн хуейщ.

Нобэ адыгэхэр адрей лъэпкъхэм зэрызыхамыгъэгъуэщэным иужь итхэщ. Нэхъапэм сэмэгу гупсысэкІэ зиІэ гуэрхэр къытхэту щытащ, националисткІэ уеджэ хъуну. Абыхэм я гугъэт Кавказыр зауэкІэ зыІэрыбгъэхьэжыфыну. Ауэ абыхэми къагурыІуащ а гупсысэр зэрыпхэнжыр. Дэ хуабжьу дытелэжьащ абы. ДэркІэ нэхъыщхьэр мамырыгъэмрэ зэхэкуэгъухэр зэрыІыгъынымрэ и телъхьэу щытынырщ, псом япэ идгъэщри, адыгэу укъызэтенэн щхьэкІэ, уи хэкум бгъэзэжын зэрыхуейрщ. Зы лъэхъэнэ Анкара къыщыдэдгъэкІ тхылъхэм нэхъыбэу укъызыхуриджэр арат – хэкум гъэзэжынырт. Сэ куэдрэ сытетхыхьащ а Іуэхум, куэди хуэзущиящ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, сэ си гупсысэр арат, си мурад нэхъыщхьэу гъащІэм къыщызыдесхьэкІри аращ.

**- Тыркум щыІэ Кавказ хасэхэм куэдрэ ущылэжьащ, тхылъ къыдэгъэкІыным упэрытащ, хасэ тхьэмадэу ущытащ. Хэхэс адыгэхэм бзэмрэ хабзэмрэ зэрагъэщІэнымкІэ сыт хуэдэ Іуэху зэфІэвгъэкІахэр?**

- Я нэхъыбэу зиужь дитар щэнхабзэ Іуэхуращ. КъэфакІуэ гупхэр хасэхэм щызэхэтшэрт, цІыхухэм ягу къэтІэтын, я лъэпкъ зыхэщІыкІыр къэдгъэушын папщІэ зэхуэсхэр, пшыхьхэр къызэдгъэпэщырт. ИджыкІэ Мейкъуапэ, ухуеймэ Налшык укІуэф щхьэкІэ, абы щыгъуэм гъуэгур зэхуэщІати, дэ къызэдгъэпэщ Іуэхухэращ гум жьы дезыгъэхуу диІар. ЦІыхухэр нэхъ зэкІэлъыкІуэ хъуа, Тыркум ис нэгъуэщІ лъэпкъхэм хуитыныгъэхэр ирата нэужь, шэч хэмылъу, ди Іуэхур нэхъ тынш хъуащ. Лъэпкъыр къызэтеувыІакъым, ар мэкІуатэ, зеужь, хегъахъуэ. Видеофильм, ролик, тхылъ хуэдэхэр сэбэп мэхъу иджы бзэр тыншу зэгъэщІэнымкІэ, хэкужьым щекІуэкІым нэІуасэ зыхуэпщІынымкІэ. Си лъэпкъым зэрызиужьыжынуми, зэрызэрыгъуэтыжынуми сэ шэч къытесхьэркъым.

**- Уэ уи лъэхъэнэм екІуэкІа политикэр нэгъуэщІт иджырейм нэхърэ.**

- ЩыІащ зы зэман псори дытыркуу фІэкІа дыкъамылъытэу. «Сэ сыадыгэщ», - жыпІэмэ, «Хьэуэ, уэ утыркущ», - къыджаІэрт националистхэм. Сыадыгэщ зэрыжысІэм щхьэкІэ, тІэу саубыдауэ щытащ. Зэм махуэ 18-кІэ хьэпсым срадзащ, етІуанэм махуи 105-кІэ сисащ.

Саубыдыху къэс къызэупщІырт: «Ушэрджэс хьэмэрэ утырку?». Сэри сыкъикІуэтыртэкъым: «Сышэрджэсщ, си анэр шэрджэсщ, си адэр шэрджэсщ, срицІыхущ». А къэралым сыт хуэдэ зауэ щекІуэкІами, си адэшхуэмрэ абы и къуэшхэмрэ хэтащ. Ди нэхъыжьхэр куэдрэ щІэбэнащ Тыркум и щхьэхуитыныгъэм. Адыгэхэм я псэр зыщІат, щыпсэу къэралым и бийуэ къэувыжу я хабзэкъым. Езым я хэкум хуэдэу хуэпэжщ. Хэкум дгъэзэжыну дыщІэхъуэпс пэтми, дызэрыс щІыналъэр фІыуэ долъагъу. Мис ахэр яжесІэрт хабзэхъумэм и лэжьакІуэхэм. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, си адэшхуэр Балкан зауэм хэтащ, абы и шы нэхъыщІэ Хъусен Чавуш Чанаккале зауэм щыІащ. Къуэш нэхъыщІэ дыдэ Хьэсэн, Емен зауэм иужь, Мысырым кІуэри, илъэс 18-кІэ къэтащ.

1977 гъэм, Кипр зауэр къэхъея нэужь, Тыркум ираш зауэлІхэр щилъагъум, си адэм абыхэм узыншэу къагъэзэжын папщІэ къурмэн яхуищІат. А псоми къыбжаІэкъэ, дэ дызэрыс къэралым дыхуэпэжу, фІы къыдэхъуным дыхуэпабгъэу дызэрыпсэуар?

Хьэпсым сызэрырадзам къыщымынэу, си унэ къакІуэри, хьэпшыпу щІэлъыр зэІащІат. Зы адыгэ къамэ диІэти, ар щІахауэ щытащ. Апхуэдэ куэд къыщыхъуащ си гъащІэм.

Сызэрыадыгэ къудейм щхьэкІэт сызэрагъэкъуаншэр, армыхъумэ нэгъуэщІ къуаншагъэ збгъэдэлътэкъым. Сэ цІыху зэхэгъэж сщІыртэкъым, къэралым си ягъэ езгъэкІыртэкъым, ауэ хэку сызэриІэр, анэдэлъхубзэкІэ сыпсэлъэн зэрыхуейр жысІэ зэпытт. Абы щхьэкІэ тыркухэм нэмыплъ естыртэкъым икІи сапэщІэувэртэкъым, зэран фыкъысхуэмыхъу къудей хэкум сыхуэхъуэпсэнымкІэ, адыгэбзэкІэ сыпсэлъэнымкІэ жысІэу арат сызыщІэлъэІур, арат щхьэхуитыныгъэм сыщІыщІэбэныр.

Ди гуапэ зэрыхъущи, апхуэдэ дэкъузэныгъэхэр иджы щыІэжкъым, ауэ адыгэгу зыкІуэцІылъу щыІэр нэхъ мащІэ мэхъу. Тыркум сыт хуэдэ къэрал политикэ щекІуэкІми, ар хамэ хэкущ, абы зэи уи анэдэлъхубзэ уигъэщІэфынукъым. ЗэбгъэщІэнымкІэ хуит уищІми, езым уигъэщІэфынукъым. Аращи, уи щхьэ егугъужын хуейр уэращ. Си гъащІэр дызэрыхэмышыпсыхьыжыным тезгъэкІуэдащ сэ икІи хьэкъыу къызгурыІуащ хамэ щІыпІэ зэрызыщумыхъумэфынур. Аращ сытым дежи хэкум гъэзэжын хуейуэ щыжысІэр.

**- А лъэхъэнэм еджапІэхэм анэдэлъхубзэ щаджу щытакъым. Хасэхэм щекІуэкІ лэжьыгъэр пэлъэщрэт бзэр щІэблэм яІурылъхьэным?**

- Хасэхэм куэдми-мащІэми щедгъэджэфынут, ауэ цІыхухэр зэраубыдым къыхэкІыу, иджы хуэдэу зэтеубыдауэ къытхузэгъэпэщыртэкъым. Лъэпощхьэпо куэдым дакъыблэкІащ дэ. ИтІани ди бзэмрэ ди хабзэмрэ зыщыдгъэгъупщакъым. Саубыдми, сыкъаутІыпщыжырт, ауэ сыкъэзылъхуахэм сахуэпэжт, сыкъызыхэкІар зыщызгъэгъупщэртэкъым. Ауэрэ Хасэм и тхьэмадэу сыхахащ, абы щыгъуэми си ужь икІакъым хабзэм кІэлъыплъхэр. ИтІани, си гъащІэр хэслъхьа пэтми, сызытемыкІынур сызэрыадыгэр жысІэнырт, абы теухуа Іуэху гуэр злэжьынырт.

**- Лъэпкъ зыхэщІыкІыр пхэлъу укъэхъуныр, ар уи гъащІэ псокІэ къыбдекІуэкІыныр Іуэху цІыкІукъым. СыткІэ захуэбгъэзэнт ныбжьыщІэхэм?**

- Ди щІэблэм яжесІэну сфІэигъуэр - я бзэр зэрагъэщІэн, я хабзэр зыІэщІамыгъэхун зэрыхуейрщ. Ахэращ псом нэхърэ нэхъыщхьэр. Сыкъыщыхъуа жылэ цІыкІум тыркубзэ щызекІуэртэкъым. Псори дызэрызэпсалъэр адыгэбзэт. Иджы, ди жагъуэ зэрыхъущи, адыгэбзэр ящыгъупщащ. Мыбы фІэкІыпІэ имыІэу хэкІыпІэ къыхуэгъуэтын хуейщ.

Сэ си ныбжь нэсахэмрэ тІэкІу нэхъыщІэхэмрэ бзэр ящІэ, ауэ щІалэхэм яІэщІохуу. Бзэр дымыщІэмэ, Тыркум дыщыхэшыпсыхьыжынущ. Кавказым щыпсэухэм я щхьэ Іуэхущ зэрахуэжыфынур, ахэр дэ зыкІи сэбэп къытхуэхъуфынукъым, дэ ди щхьэ демыгугъужмэ. Пэжщ, иджыри гугъапІэ щыІэщ, дыкІуэдыжынукъым, зыдужьыжынущ. АбыкІэ дэІэпыкъуэгъу къытхуэхъунущ телевиденэр, интернетыр, хэкум кърах тхылъхэмрэ журналхэмрэ.

**- ИджыкІэ Хэкум зымыгъэзэжыфу Тыркум е нэгъуэщІ къэралхэм исхэм я къэкІуэнум дауэ уеплърэ, Аслъэн?**

- Къэралхэм щылажьэ хасэхэм я хьэтыркІэ ди щэнхабзэр тхуэхъумэну къысщохъу. Ахэр лъэщу, жыджэру лэжьэн хуейщ, зэи езэш хъунукъым. Нобэ щыІэ дунейр нэгъуэщІщ, хэхэсхэмрэ хэкурсхэмрэ япэм ещхьу зэпэІэщІэу щытыжкъым. Лъэпкъым и Іэмалыр нэхъыбэ хъуащ икІи къэушауэ къэплъытэ хъунущ. Ауэ хэт кІуэжынур? ЩыІэ хэкум зыгъэзэжын?

Нэхъыбэм ягъэзэжынукъым, ауэ кІуэжи къытхокІ. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, Адыгейм цІыху 1500-рэ хуэдиз кІуэжащ. Сэри абыхэм сахыхьэжынущ. Ахэр гуапэу къызэрытпежьэнум шэч къытесхьэркъым.

**- Къэбэрдейм е Адыгейм укІуэ щыхъукІэ, сыт япэу узыІуплъэну пфІэигъуэр?**

- Налшык сынэсамэ, Сосрыкъуэ и теплъэр зытет Іуащхьэм сыдокІ. Мейкъуапэ щыдиІэ унэм ущІэсмэ, Филармонием, Мэджджытым я унэхэр болъагъу. Гугъэпсэхущ мис ахэр.

Си щхьэгъусэмрэ сэрэ ди ныбжьыр илъэс 83-м нэблэгъащ, иджыщ щыдгъэзэжыфыр. ЩІалэгъуалэр къыхузоджэ нэхъ пасэу я адэжь щІыналъэм кІуэжу абы щылэжьэнхэу, щыпсэунхэу.

Си лъэпкъым зыкъызэриужьыжыр си нэгу щІэкІащи, ар си гурыфІыгъуэщ. Адыгэм и хэку игъэзэжыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, зи хэку исыж цІыхум и бзэр зэи фІэкІуэдынукъым. Бзэр мыкІуэдмэ, лъэпкъри псэунущ.

**- Тхьэм уигъэпсэу, тхьэмадэ махуэ. Уи мурад Алыхьым къуигъэхъулІэ!**

- Тхьэм фэри фи гурылъхэр къывдигъэхъу, сысейр къызэрызэхъулІам хуэдэу! Сэ пщэдей Мейкъуапэ сокІуэж, абы сыщыпсэуну.

*Епсэлъар*
**ОГУЗДЖАН Кайнакщ.**
*Тырку Республикэ*







# Къардэнхэ къахэкIа лIыхъужьхэр

**СССР-м и цIыхубэр илъэси 4-кIэ псэемыблэжу зыщIэбэна, зыщIэхъуэпса фIыгъуэшхуэт 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекIуэныгъэ Иныр. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ ди адыгэ хэкум хыхьэ дэтхэнэ щIыналъэми, абыхэм щыпсэу лъэпкъхэми. Зи гъащIэм щымысхьу зауэшхуэм хэтахэм ящыщщ Къардэн лъэпкъым и щIалэхэри.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу, Къардэн унэцIэр зэрахьэу фронтым дэкIащ щIалэ 464-рэ. Лъэпкъым и тхыдэр зыджа IэщIагъэлIхэм ящыщ, Къардэнхэ я лъэпкъ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэм и къуэдзэу щыта, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат Къардэн Хьэдис зэритхыжамкIэ, абыхэм ящыщу 407-р зауэм хэкIуэдащ, цIыху 15-р хъыбарыншэу кIуэдащ. Хэку зауэшхуэм и губгъуэхэм икIуэда ди къуэшхэм ящыщу щIалэ 297-м я хьэдэр щыщIалъхьар иджыри белджылыкъым.

Хэку зауэшхуэм хэта къэбэрдей Къардэнхэм я щIалэхэм къахэкIащ Совет Союзым и ЛIыхъужьу 2, зы генерал, офицеру 16, сержантрэ старшинауэ 17. Дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъ тхылъымпIэхэм наIуэ къызэращIымкIэ, «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащыну Къардэн лъэпкъым щыщу ягъэлъэгъуауэ щытащ цIыхуи 10, арщхьэкIэ а цIэ лъапIэр зратауэ Къардэнхэ къахэкIар цIыхуи 4-щ: тIур Къэбэрдей-Балъкъэрым, тIур - Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу. Адрей щIали 8-м щIыхьыцIэр ялъэIэсакъым щхьэусыгъуэ зырызкIэ.

**КЪАРДЭН Къубатий Лэкъумэн и къуэр**, авиацэм и генерал-майорыр, КъБР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Хэку зауэшхуэм и япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ зауэм хэтащ, фронт зэмылIэужьыгъуэхэм хэту. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ 1943 гъэм и шыщхьэуIум и 24-м къыфIащащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр. 2011 гъэм дунейм ехыжащ.

**КЪАРДЭН Къэбард Лэкъумэн и къуэр** КъБР-м и Совет районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм 1922 гъэм къыщалъхуащ. УФ-м и Президентым 1990 гъэм накъыгъэм и 5-м къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ, Къэбард иратыжащ 1944 гъэм къыхуагъэфэщауэ щыта «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэ лъагэр. Абы фэеплъ 1991 гъэм щыхуагъэуващ щыхэкIуэда Чортков къалэм (Украинэ).

**КЪАРДЭН Мурат Iэсхьэд и къуэр** КъШР-м и Адыгэ-Хьэблэ районым хыхьэ ВакIуэ-Жылэ къуажэм 1916 гъэм къыщалъхуащ. Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIащ 1939 гъэм къыщыщIэдзауэ. СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ 1944 гъэм и бадзэуэгъуэм и 21-м къыфIащащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр. 1987 гъэм дунейм ехыжащ.

**КЪАРДЭН Уэхьид Мусэ и къуэр** КъШР-м хыхьэ ПсэукIэ-Дахэ къуажэм 1924 гъэм къыщалъхуащ. 1943 гъэм и мэлыжьыхьым Дзэ Плъыжьым ираджащ. 1944 гъэм и бадзэуэгъуэм зауэм хэкIуэдащ. Абы щыгъуэ ар иджыри илъэс 20 ирикъуатэкъым. УФ-м и Президентым 1998 гъэм и мэкъуауэгъуэм и 30-м къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ, Уэхьид фIащащ «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэр, Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэхэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ.

Хэлъа лIыгъэкIэ СССР-м, УФ-м я ЛIыхъужьхэу Къубатий, Къэбард, Мурат, Уэхьид сымэ къакIэрыхуркъым **КЪАРДЭН Владимир (Генэ) Темыржан и къуэр**, подполковникыр. Ар КъБР-м и Аруан районым хыхьэ Аргудан къуажэм 1967 гъэм къыщалъхуащ. И лъэпкъэгъу лIыхъужьхэм я щапхъэм тету, ар хахуэу хэтащ 1992 - 1993 гъэхэм Абхъазым щекIуэкIа зауэм икIи 1993 гъэм абы хэкIуэдащ. Абхъазым и Iэтащхьэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, Владимир фIащащ «Абхъазым и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр.

Къардэнхэ я лъэпкъым лIыхъужь цIэр зыхуагъэфэщауэ цIыхуи 5 къахэкIащ. Адыгэ лъэпкъым и цIэ дахэр жыжьэ зыгъэIуа а лIыхъужьхэм я гъащIэр щапхъэ яхурехъу адрей адыгэ лъэпкъхэми къащIэхъуэ щIэблэм.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



## Уадыгэным къикIыр

**Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ,
Адыгэу нобэ упсэуныр хьэлъэщ.
Зэманыр жырри зыгъэщащэ гухъущ,-
Абы екъутэр цIыхум и щэн-хьэлыр.**

**Абы пэлъэщкъым лъэпкъми и къарур.
ИгъащIэкIэ хабзэфI зэрихьэгъахэр,
Зэхекъутэжри ди зэман ерум,
ХуэнщIей пэлъытэу яхепхъэжыр
гъэхэм.**

**Адыгэ цIыхури мэхъу кIуэ пэтми
жьгъей.
Хъанцэгу и къуршрэ и тенджызу
псынэр,
ЩхьэхуэфI гухэлъым ар иронэщхъей,
Лъэпкъ кIуэд зэрыхъур имылъагъуу
и нэм.**

**Ди щIэблэр едэIуэжкъым
къэзылъхуам.
Еплъыжкъым ди цIыхубзхэр
я нэмысым,
Фадэм и пщылIыпIэ зэрыхуам
Ди щIалэхэр ехьыж, игъуэ нэмысу.**

**Iыхьлыгъэр куэдым къызэрапщыр
мылъкущ
ЦIыху уасэр къызэрабжыр и
лэжьапIэрщ,
Iиманыншагъэр ямыщIыж емыкIу,
НэмыплъIи хуамыщIыж зимыIэм напэ.**

**ЕщIыфыр япэ къэсым хэутэн,
Лъэпкъыбзэу илъэс минхэм я уэсятыр,
ПлъэмыкIыу бгъэшынэн е бгъэукIытэн,
Адыгэ щIыхьыр пфIыхаутэ ятIэм.**

**Апхуэдэу щыхъукIи, лъэпкъ ягъэпудам
ДэщIыну зи гум къэкIыр зэрызыхэт,
Хэт илъэс кIуахэм игу ираудащ,
Хэт и щхьэр лъэпкъ гукъеуэ хэмытыххэ.**

**Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ,
Ауэ сыт щыгъуэт щыщытар ар тыншу,
Къэвгъуэтыт тхыдэм зэ щищIыж
ди гугъу,
Ди гъащIэр тхьауэ дэ къэззэуатыншэу!**

**Щалъхуати, и мыгъуагъэу, жэнэт хэку,
Яхуэхъури бийхэм ар хьэ зэрышхыпIэ,
НэщIэбжьэ куэдхэр щIагъэкIащ и нэгу,
Ди лъэпкъ бэшэчу лIыхъужьыгъэр
зи бэм.**

**И тхыдэ кIыхьу къызэринэкIам,
Ар куэдрэ ихуэгъащ псэ зэпылъхьэпIэ,
Имыгъуэтыжу уеблэмэ щIэлъхьэпIэ,
И быну хамэ Iэщэм къиукIар.**

**Къэхъуащ монголхэм ар щапэщIэта,
Зы фэбжь кърахмэ, щащIэу ярихыжу,
ГуIэжу Лабэ Iуфэ щыIута,
Сабийхэр псыхьэлъахуэу къыхихыжу.**

**АрщхьэкIэ, хуэмызами сыт махуей,
Абы игъэпудакъым зыкIи и щхьэр,
И Хэкур къигъэнэн щыхъуами хуей,
Яхуэувакъым ар лъэгуажьэмыщхьу.**

**Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ,
Адыгэу нобэ упсэуным къикIыр,
Ди тхыдэ гуауэу фхуэсщIыжам
зи гугъу,
И напэ къэс унэджысынырщ и кIэм.**

**Ирехъу гуфIэгъуэ е гухэщI ирехъу,
Абы ухущытынырщ ухуэфащэу,
Уи напэм ену уи гур хурырегъу,
Уи махуэ къэсыхун цIыхугъэ бащэу.**

**Уадыгэныр мыгурыфI-гурей,
Зи уэлиигъуэм фIэфIмэ-улъэпкъыпсэу,
Адыгэу хъуам тралъхьэмэ тезыр,
IэщIыб пщIыжыну уи анэдэлъхубзэр.**

**ПIурылъу зы бзэ, узэдису зыщI
Хьэлэлу къыщыптепсэкIэ зы дыгъэ,
Адыгэу упсэуным къикIыр зыщ -
Уадыгэну къыпкъуэкIынырщ лIыгъэ.**

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин.

# «Шэрджэс дерби-2021»-м дуней псом зыщеубгъу

*Жэпуэгъуэм и 1-м Нартан къуажэм щызэхэтынущ илъэсым и шы зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэр - «Шэрджэс дерби-2021». «Гуэрэн» шыгъэжапІэм иджы етІуанэ кърегъэблагъэ шыхэр ямыхъуэжу махуипщІым и кІуэцІкІэ километр 1000 зэпызычыну зи мурад шу ахъырзэманхэр. Адыгэшым хуаІэ лъагъуныгъэрщ а псори зэзышалІэр.*

*Илъэс фІэкІа зимыныбжь «Шэрджэс дерби»-р дунейпсо зэхьэзэхуэ хъуну хунэсакІэщ. Мы гъэми пандемием и хабзэ ткІийхэм къебэкъуэфмэ, шу хьэщІэхэр зэрыдикуэдынум дыпоплъэ. Лъэпкъым и цІэр зезыхьэ псэущхьэ махуэм апхуэдэпщІэ зэригъуэтыжамкІэ фІыщІэ зыхуэщІыпхъэхэм япэ иту пхужыІэнущ «Адыгэшыр хъумэнымрэ зегъэужьынымкІэ фондыр». Зэхьэзэхуэр щхьэусыгъуэ тщІыри, упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ Фондым и администратор, илъэс етІуанэ хъуауэ «Шэрджэс дерби»-м и унафэщІ ІэнатІэр езыхьэкІ, адыгэшым и тхыдэр зэфІэзыгъэувэж «Шу пщыІэ» ІуэхущІапІэр зыгъэлажьэ Мыз Исмел.*

**- ЩІыпІэ жыжьэхэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэхэм къыщыжэ ди шухэм дащыдэщІкІэ, шыгъэжапІэ зэпэщхэр зэрыщыІэр долъагъу. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, Италием и «Сан-Россоре» цІэрыІуэри, Урысейм щрагъэкІуэкІ шыгъажэ кІыхьхэм я нэхъыбэр щызэхашэ «Отрада»-ри. Къызэрызэгъэпэща и лъэныкъуэкІэ, арэзы фыкъищІрэ «Шэрджэс дерби»-р щызэхэтыну «Гуэрэным»? Зэпеуэм и чэзур къэмыс щІыкІэ, фызыхуэпІащІэ Іуэху зэхуэмыхъу щыІэ?**

- Мы Іуэхум хэт дэтхэнэ зы шуми, дыдейхэм я мызакъуэу, Мэзкуу къикІахэми ди «Гуэрэным» фІы и лъэныкъуэкІэ бгъэдэлъхэм гу лъатэ икІи щогуфІыкІ. Урысей псом мы шыгъэжапІэм нэхърэ нэхъыфІ имыту къалъытэ. Ар жозыгъэІэхэм язщ шыр къыщыжэ гъуэгур щабэу, шы лъэгум емыгуауэу, уеблэмэ, гъуэгуанэр зэпичынымкІэ къыдэІэпыкъужу зэрыщытыр.

АдэкІэ «этап» жыхуэтІэ техьэжыпІэм деж уэру псы зэрыщагъуэтми куэд тщегъэпсынщІэ. Псым куэд елъытащ. Дауи, дэтхэнэ зы Іуэхуми зэман, къару, акъыл тебгъэкІуэдэху нэхъ зиужьынущ, ефІэкІуэнущ. Абы ипкъ иткІэ, зи гугъуехьрэ мылъкурэ хэзылъхьэну гукъыдэж зиІэ щыІэмэ, зыкъытхурегъазэ, нэхъ кууэ псоми щыгъуазэ тщІынщ, апхуэдэ Іэмали еттынщ.

**- Адыгэшым зыкъедгъэужьыжыну ди мурадщ жызыІэхэр мащІэкъым нобэ. А псоми фІыкІэ къахощ «Адыгэшыр хъумэнымрэ зегъэужьынымкІэ фондым» и лэжьэкІэр, ауэ щыхъукІэ апхуэдиз зэфІэкІ къэзыгъэлъагъуэ щІалэхэр дымыцІыху пэлъытэщ. ЦІэ гуэрхэр зэхэтхыну, фІыщІэ зыхуэщІыпхъэр хэт сымэу щытми, тщІэну ди гуапэт.**

- Фондым къызэхуишэса, и жьауэ щІэувахэр адыгэшыр мыпхуэдэ шыгъажэ кІыхьхэм куэдрэ щызыгъэунэхуа, зэхьэзэхуэм и пІалъэри и Іэмалри жану зэзыгъэщІахэрщ. Абыхэм ящыщщ Іуэхум езэш къыхэзымыгъэхьэ, абы зи гукъыдэжыр хуэмыужьых, езы Фондыр къызэзыгъэпэща Сибэч Артур. «Шэрджэс дерби-2021»-ми Артур фыщрихьэлІэнущ, гушхуауэ, зэпимыгъэууэ шыгъажэм и нэхъ кІыхь дыдэ километри 160-м хэт гупым шыр къыщигъажэу.

Абы къыкІэлъыкІуэу зи цІэ къисІуэну сызыхуейхэм языхэзщ Зыхъуэ Замир. Илъэс куэд щІауэ мы шыгъажэ кІыхь Іуэхум хэт, дэтхэнэ зы лъэпощхьэпоми хэкІыпІэ щхьэхуэ къыхуэзыгъуэт шууей нэгъэсащ ар. Замир Фондым ишхэр щагъэхьэзыр шэщыр и пщэ нэхъ дэлъщ. Шыхэр шыгъажэм хуэгъэхьэзырынымкІэ, абыхэм я узыншагъэр хъума хъунымкІэ жэуап зыхь цІыхущ.

Къинэмыщ Іауэ, Фондым и гупым хэтщ Джатэ Щэмил. Ар нэгъабэ екІуэкІа «Шэрджэс дерби-2020»-м бжьыпэ щызыубыдахэм, рекорд щызыгъэувахэм ящыщщ. Абы ищІыІужкІэ, шууэ гъуэгуанэ кІыхьым къыщыжэнымкІэ, урысей рейтингым мы гъэм япэ увыпІэр щиІыгъщ Джатэм.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Хъупсырджэнхэ Залым и зэфІэкІри. Урысейм щынэхъ Іэзэ шууейхэм ящыщ щІалэм къэралым гъуэгуанэ нэхъ кІыхь дыдэу къыщалъытэ километри 160-м нэхъ псынщІэу къыщыжэнымкІэ рекорд щигъэуващ адыгэшкІэ. Зи гугъу сщІахэм яхэбдзыну зы яхэмыту, Урысейр мыхъуу, дуней псом адыгэшым и цІэр щагъэІу, къэралым и гуп къыхэхами хэтщ, дунейпсо шыгъажэ зэхьэзэхуэхэми къыщожэ.

**- Нэгъабэрей «Дерби»-р щІыналъэ кІуэцІ зэхьэзэхуэ хуэдэу екІуэкІащ, хэтари нэхъыбэу ди республикэм щыщхэращ. Мыгъэрейм дэнэ нэс зэрызиубгъур? ДэІэпыкъуэгъу фыхуэмыныкъуэу, къекІуалІэхэр зыхуей-зыхуэфІкІэ фигу нэсу къызэвгъэпэщыфрэ?**

- Илъэс блэкІами мы гъэми шыгъажэм и хъыбарыр псоми ялъэдгъэІэсащ. Езыхэр тегушхуэмэ, къыщІэмыжэн щхьэусыгъуэ щыІэкъым. Нэгъаби хамэ къэралхэм къикІыу «Шэрджэс дерби»-м хэтыну я гугъат, ауэ уз къекІуэкІым и зэранкІэ зэхуэхъужакъым. Иджыпсту ипэ дищу тхужыІэнукъым хэтыну щхьэ бжыгъэр зыхуэдизыр, ауэ псалъэмакъ зэхэтххэмкІэ, апхуэдэ гукъыдэж зиІэхэр мащІэкъым. Іуэхум хэлэжьыхьыну гукъыдэж зиІэхэм я гугъу тщІымэ, ахэр зэи лей щыхъуркъым мыпхуэдэ зэхьэзэхуэхэм. Псалъэм папщІэ, техьэжыпІэм къэсыжа шыр текІыжыгъуэм хуэбгъэхьэзырыжыным цІыхуищ-плІы еубыд. КъекІуэлІэну шухэм я бжыгъэр наІуэ къэхъумэ, абы теухуауи хъыбарыншэ фытщІынкъым.

**- КхъыІэ, «веткІэлъыплъыныгъэ» жыхуаІэм къикІыр шы гъэхъуныр зимыІэщІагъэхэм къыдгурыІуэн хуэдэу тхузэпкърых. Сыт шымрэ шумрэ къыщІагъэувыІэр? Шым и узыншагъэр дунейпсо мардэм лъэщІыхьэу къэтпщытэу зытхуегъэсэну гугъэ щыІэ?**

- ЛъэщІыхьэн жыпІэныр къыщезэгъыу къыщІэкІынкъым мыбдежым. Шым и узыншагъэр зэрыщытыпхъэр убзыхуа Іуэхущ. Дунейпсо мардэм игъэува къэпщытэкІэм утекІмэ, уишри уэри ухагъэтынукъым, къэбгъэлъэгъуа зэфІэкІми шэч хэлъынущи, а Іуэхугъуэм тебэкъукІ иІэкъым. Дэри хамэ къэралхэми зы Іэмалщ шым и узыншагъэр зэрыдгъэунэхур.

«ВеткІэлъыплъыныгъэм» къехутэ шым дакъикъэм и кІуэцІкІэ и гур дапщэрэ къеуэми, сыт хуэдизыпс щІэкІами, и лъыр нэхъ Іув хъуа-мыхъуами, и Іур зэригъуэщыкІа лъэныкъуэхэр. Ахэр псори шым и узыншагъэр зыхъумэ Іэмалщи, дохутырхэр ткІийуэ кІэлъоплъ. Абы къегъэлъагъуэ шым къыпэщылъ гъуэгуанэм зэрипищэнур.

А псоми цІыху къызэрыгуэкІ кІэлъыплъыфынукъым. Іуэхур зи пщэ далъхьэр шым и узыншагъэ и лъэныкъуэкІэ къедбжэкІахэм фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщ дохутырышхуэхэрщ.

**- Адыгэшым и Іуэхур мэкъумэшми, спортми, щэнхабзэми, щІалэгъуалэмрэ лъэпкъымрэ я зыужьыныгъэми, уеблэмэ щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмри иупхыфынущ. Министерствэхэм ящыщу дэтхэнэм нэхъ зыкъыфщІигъакъуэрэ? Республикэ унафэщІхэм фадэлажьэрэ, езыхэр къыфщІэупщІэрэ?**

- Министерствэхэм щыщи, республикэ унафэщІхэми мы Іуэхугъуэм ущрихьэлІэну къыщІэкІынкъым. Сыт и щхьэусыгъуэми тщІэркъым, ауэ шыгъажэ кІыхьхэм мы ди щІыналъэм гулъытэшхуэ къыщыхуащІыркъым зэкІэ. ИтІани, шэч къытезмыхьэу схужыІэнущ дызыхуэкІуэ зэманым а Іуэхум цІыху куэдым зэрызратынур. Ди лэжьыгъэр цІыхухэм яхэзыхьэ, хэІущІыІу зыщІхэм ящыщщ бэнэкІэ хуитымкІэ Урысей Федерацэм и гуп къыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Тембот Анзор, олимп чемпион Хъущт Аслъэнбэч, УФ-ми Европэми спорт бэнэкІэмкІэ щыпэрытхэм ящыщ Урыш Анзор сымэ, нэгъуэщІхэри. А щІалэхэр зымыцІыху къытхэткъым, езыхэми щІалэгъуалэр ядоплъейри, ахэр шууэ зылъагъу щІэблэм Іуэхум хуиІэ еплъыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зрегъэужь.

**- Дунейпсо мыхьэнэ зиІэ шыгъажэшхуэхэм дакъикъэ къэс хэт дэнэ деж нэсами, дэтхэнэ шур шыгъажэм хэкІами уеплъыфу интернет къуудамэ къыщызэрагъэпэщ. «Гуэрэнми» апхуэдэ Іэмал яритыфыну шыгъажэм кІэлъыплъынухэм? Фондым и газет къыдэвгъэкІыну гупыж фщІат. Дэнэ нэса абы и Іуэхур?**

- «Гуэрэным» щекІуэкІ шыгъажэхэр урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиІэхэу зэщхьэщедз. Дунейпсо мыхьэнэ зиІэ шыгъажэ щекІуэкІым деж, а зи гугъу пщІы Іэмалхэр къыдогъэсэбэпыф, ІэмэпсымэкІи тхузэфІокІ. Дэтхэнэ зы шуми и Іэм «GPS-трекер» идолъхьэ, абы етх шур дэнэ къэсами, дэнэ деж къыщыувыІами, сыт хуэдиз зэманкІэ шым зигъэпсэхужами. А дакъикъэ дыдэм ахэр интернетым идолъхьэж, абы теухуауэ ныкъусаныгъэ зэпеуэм хэлъкъым. Іуэхум зызэредгъэужьыну ди мурадхэм щыщ зы щапхъэ: шур дэнэ деж щытми, езыр плъагъуу, шым и хущытыкІэри наІуэ къищІу утыку къизылъхьэжын Іэмэпсымэхэр дгъэувынущ. Губгъуэ нэщІым, гъуэгуанэр зи кІыхьагъым видеофиксаторхэр тебгуэшэну тынш хъунукъым, дауи, ауэ ар езы шыгъажэр езыгъэфІэкІуэн Іуэхугъуэщ. Абы хэлэжьыхьын и лъэныкъуэкІэ ІэщІагъэ зыбгъэдэлъ, Іуэхум и пІалъэр ищІэу къыддэІэпыкъуну гукъыдэж зиІэ щыІэмэ, дыхуэзэну ди гуапэщ.

Фондым и газетым и гугъу тщІымэ, абы теухуауэ ди еплъыкІэм мащІэу зихъуэжащ. ЩІалэгъуалэри, уеблэмэ ныбжь зиІэхэри «соцсеть» ІэмэпсымэхэмкІэ ерыщ зэрыхъуам къыхэкІыу, дэри ахэр нэхъ къыдогъэсэбэп, Фондым и лэжьэкІэр хэІущІыІу зэрытщІри ахэращ. Нэрылъагъущ хъыбархэр зэбгрыгъэкІын Іуэхур абыхэм къызэрыддагъэпсынщІэр. Аращ газетым и Іуэхур зэкІэ къыщІэдгъэнэжар.

**- Иужьрей упщІэр уэ уи щхьэкІэ нэхъ пхуэгъэзащ. Уэ адыгэшым и тхыдэр зэфІыбогъэувэж Іуэху пщІауэ икІи ушущ. ЗэрыжаІэу, теориекІи практикэкІи уузэдащ. Адыгэшым и институт республикэм къыщызэІухын хуейуэ къэплъытэркъэ?**

- Апхуэдэ Іуэхугъуэр хъуэпсапІэу диІэхэм ящыщщ. Нобэ, Тхьэм и фІыщІэкІэ, лъэпкъыр къошэсыж, куэдым шы зэрагъэпэщыж. Адыгэхэм, шэч хэмылъу, щІэныгъэшхуэ ябгъэдэлъу щытащ шым ехьэлІауэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, а щІэныгъэм и кІапэлъапэщ нобэ ди деж къэсар. ИтІани, ноби шы Іуэху щызетхуэкІэ, адыгэшыр иджыри къыдбгъурыту дыщекІуэкІкІэ, а щІэныгъэр Іэмал имыІэу къэхутэжын хуейуэ къызолъытэ. Мы псэущхьэ телъыджэр лъэпкъым ди гуфІэгъуи гузэвэгъуи къыддигуэшу къыддэгъуэгурыкІуащ сыт щыгъуи, ди щэнхабзэм и щІэлъэныкъуэщ адыгэшыр. Абы уигури уи псэри етауэ ущыбгъэдэткІэ, апхуэдэ гупсысэхэр куэдрэ уигу къокІ, ауэ уи плъапІэм сомкІэ текІуэдэнур къыщыбгурыІуэжым деж, Іуэхугъуэм щыгъуазэу, псэемыблэжу хэлэжьыхьын цІыхухэр зэрымащІэм а хъуэпсапІэр пІэпегъэхуж. Гува-щІэхами, дэтхэнэ ехъулІэныгъэ зызыубгъуам зэрыхуэфащэу, адыгэшым епха щІэныгъэ зэгъэгъуэтыпІи димыІэу хъунукъым. Ди къарур щыхурикъунур тщІэркъым, зэкІэ ди гухэлъым щыдогъафІэ а гуращэр.

*Епсэлъар*

**ЧЭРИМ Марианнэщ.**



**Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур фокІадэм и 22-рщ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ. Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.860
Заказ №2094